

*Naskah Primbon Jaelani Suntingan Teks lan Studi Intertekstualitas*

[Tingkatan Filologi]

**E-JOURNAL**



**Dening :**

**AMILIA HIDAYATI**

**092114244**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH  
2013**

**Amilia Hidayati**

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA (am31\_1a@yahoo.co.id)

### **Abstrak**

Primbon mujudake salah sijine karyane wong Jawa kang wis ngrembaka ing masyarakat. Sanajan ing jaman moderen, karya kasebut kudu diuri-uri lan digatekake supaya ora ilang ing tembe. Salah sijine cara kanggo nguri-nguri yaiku mangerteni isine naskah kang ana gegayutane karo primbon, kayata ngenani petungan, pethek, lan japa mantra. Naskah kang ana petungan, pethek, lan japa mantra kang bisa diteliti yaiku naskah *Primbon Jaelani*. Naskah kasebut narik kawigaten kanggo diteliti amarga: sepisan, naskah iki durung ana kang nлити. Kapindho, supaya bisa mangerteni isine, Kaping telu, medharake seseratan kang ana empere yen diwawas lumantar *studi intertekstualitas*.

Gegayutan karo andharan mau, underane panliten sajroning nлити naskah *Primbon Jaelani* yaiku: (1) Kepriye wujud naskah *Primbon Jaelani*, (2) Kepriye suntingannaskah *Primbon Jaelani*, (3) Kepriye *intertekstualitas* naskah *Primbon Jaelani* klawan primbon kontemporer. Saka underaning mau, panliten iki nduweni ancas supaya mangerteni wujud naskah *Primbon Jaelani*, mangerteni suntingan teks sajroning naskah *Primbon Jaelani*, lan mangerteni *intertekstualitas* naskah *Primbon Jaelani* klawan primbon kontemporer. Saliyane iku, Panliten iki kaajab bisaa menehi kawruh marang pamaosngenan karya sastra kang nggunakake teori filologilansupaya pamaos mangerteni *intertekstualitas* naskah *Primbon Jaelani* klawan primbon kontemporer.

Primbon kontemporer kang bakal digunakake sajroning panliten yaiku *Primbon Betaljemur Adammakna*. Primbon kasebut diarani primbon kontemporer amarga primbone isih digunakake dening bebrayan Jawa. *Primbon Betaljemur Adammakna* wujud wis dadi buku. Primbon kasebut digunakake kanggo studi *intertekstualitas* amarga primbone mujudake primbon kang dipercaya dening bebrayan lan nganti medharake 55 edhisi ing taun 2005 kepungkur.

Ancangan kang digunakake sajroning panliten ancangan deskriptif kualitatif. Ancangan deskriptif kualitatif, diajab bisa mujudake gegambarane naskah *Primbon Jaelani*. Panliten iki nggunakake uga nggunakake tintingan filologi. Kanggo ngandharake suntingan teks, panliten nggunakake filologi *moderen* supaya bisa ngritik teks lan menehi komentar. Suntingan teks kalaksanan kanthi nggunakake kawruh, kamus, lan buku. Sajroning panliten iki, metode kang digunakake yaiku metode *hermeneutika*, kanthi metode kasebut, panliten diajab bisa menehi gambaran kang cetha lan objektif ngenani petungan, pethek, lan japa mantra. Prinsip *intertekstualitas* digunakake kanggo nggayutake lan nandhingake naskah *Primbon Jaelani* klawan primbon kontemporer, yaiku *Primbon Betaljemur Adammakna*.

Dhata sajroning panliten iki, awujud naskah *Primbon Jaelani* kang sadurunge ditransliterasi saka aksara Jawa marang aksara Latin. Dhata kang mligi sajroning panliten iku yaiku arupa dhata kang ngenani petungan, pethek, lan japa mantra. Wujud dhata ing panliten iki yaiku tembang lan gancaran. Tembang ing naskah *Primbon Jaelani* yaiku tembang Dhandhanggula, Sinom, lan Kinanthi.

Saka andharan asiling panliten, bisa didudut asil tetelu kang selaras karo underane panliten. naskah *Primbon Jaelani* ing perangan ngarep wujud tembang lan perangan mburi wujud yaiku gancaran. Tembang sajroning naskah ana telung tembang yaiku Dhandhanggula, Sinom, lan Kinanthi. Sajroning tembang uga ana kang ngenani japa mantra kanggo wong lara lan kanggo nambani bocah sawanen. Gancaran sajroning naskah *Primbon Jaelani* yaiku ngenani petungan lan pethek.

Suntingan teks sajroning panliten, ana telung tembang yaiku Dhandhanggula, Sinom, lan Kinanthi. Tembang digunakake sajroning panliten amarga akeh tembung kang narik kawigaten kanggo diteliti, kayata tembung Kawi lan Arab. Tembung Kawi disunting supaya mangerteni makna sajroning tembung kasebut. Tembung Arab disunting supaya mangerteni tulisan kang bener.

*Intertekstualitas* naskah *Primbon Jaelani* klawan *Primbon Betaljemur Adammakna* ana kang diarani *afirmasi lan negasi*. *Afirmasi* sajroning *studi intertekstualitas* ana pitu, yaiku ngenai wateke manungsa miturut neptu, wateke manungsa miturut mangsa, pethek barang kang ilang/ ketemu, wong kang nyolong, paraning durjana, wong lara lan pati. *Negasi* naskah *Primbon Jaelani* klawan *Primbon Betaljemur Adammakna* ana lima, yaiku ngenani wateke manungsa miturut mangsa, pitungan rabi, petheke wong kang nyolong barang, wong lara lan pati. Sajroning *NPJ* ana rong perangan kang ngenani wateke manungsa miturut wuku lan japa mantra kanggo nambani wong lara ora ditemokake ing sajrone *Primbon Betaljemur Adammakna*.

*Intertekstualitas* ngenani seratan *NPJ* klawan *PBA*, *NPJ* luwih dhisik anggane ngripta tinimbang *PBA*, amarga pangripta *NPJ* lair ing taun 1729. Bisa dikira-kira yen panjenengane nyerat naskah ing umur 25-an, yaiku ing taun 1754, nanging *PBA* kang digawe pathokan yaiku ing laire Sultan Hamengku Buwana VI yaiku ing taun 1821. Pambada taun kasebut yaiku taun 1754 klawan taun 1821. Pambedane ana 67 taun.

## **PURWAKA**

Manungsa mujudake titah kang pinaringan akal lan pikiran dening Pangeran. Akal lan pikiran bisa migunani yen digunakake kanggo mikir kang bener lan pener. Saperangane manungsa nggunakake pikiran mau kanthi kreatif lan pungkasane bisa nuwuhake reriptan budaya kang migunani tumrap bebrayan. Reriptan mau arupa karya budaya utawa reriptan *kultural* kang migunani lan bisa menahi kawruh kanggo pamaca. Reriptan kasebut diarani sastra Jawa.

Pardi, (1996:1) ngandharake sastra Jawa kaperang dadi papat yaiku: sastra Jawa kuna, sastra Jawa pertengahan, sastra Jawa anyar, lan sastra Jawa moderen. Suwarni, (2007: 1) ngandharake sastra Jawa kuna ngrembaka nalika abad IX nganti wiwitan Majapahit. Sastra Jawa pertengahan tuwuh nalika jaman Singasari nganti runtuhe Majapahit lan ditandhani tuwuh Islam ing Jawa. Pardi, (1996: 3-4) uga ngandharake sastra Jawa anyar ngrembaka nalika abad XIX, lan sastra Jawa moderen tuwuh ing pungkasane abad XIX-tahun 1920.

Kaya dene reriptan Jawa, budaya uga akeh sumipen ing sajrone naskah. Naskah mujudake karya kang tinulis ing wektu biyen lan isih digunakake nganti saiki (Saputra, 1996: 10). Naskah salah sijine warisan budaya kang turun temurun. Salah sijine naskah kang diturunake marang generasi Jawa moderen yaiku *Naskah Primbon Jaelani* kang sabanjure supaya bisa nggampangake olehe nyebut, mula diarani *NPJ*.

*NPJ* kagolong naskah Jawa anyar, amarga basa kang digunakake yaiku basa Jawa anyar, nanging kacampuran basa Kawi lan basa Arab. Naskah kasebut sumipen ing daleme Maulana Khusaini. Panjenengane mujudake turune panyerate naskah. Miturut Maulana, sajroning naskah ora ana jenenge pangripta utawa panyerate. Ewa semana, mbah buyute kang asma Mbah Jaelani wis nate kandha marang putune yaiku Bapak Kusen yen panjenengane nyerat naskah primbon kang kudu diramut lan di uri-uri supaya migunani. Banjur, Bapak Kusen menehna naskah kasebut marang putrane yaiku Bapak Maulana Khusaini. Kanggo nggampangake lan minangka pangeling-eling, Maulana menahi irah-irahan tumrap reriptan mau Primbon Jaelani.

Aksara ing naskah arupa aksara Jawa. *NPJ* mujudake sawenehing naskah arupa tembang lan gancaran. Tembange arupa Kinanthi, Sinom, lan Dhandhanggula kang ana ing perangan ngarep. Gancarane ngenani petungan, pethek, japa mantra kang medharake simbol-simbol kanthi makna tartamtu ana ing perangan mburi. Saliyane iku, ing perangan mburi uga ana ngenani agama kaya sejatine salat lan unsur manungsa.

Tembang Kinanthi sajroning *NPJ* isine ngenani japa mantra kanggo nambani bocah sawanen, Dhandhanggula isine ngenani japa mantra kanggo nambani wong lara, lan Sinom isine ngenani cerita kang nyeritakake lelembute wong Jawa. Gancaran ngenani unsure manungsa kayata ngenani napas, nupus, ampas, lan tannapas.

Saka andharan mau, kang narik kawigaten kanggo diteliti yaiku ngenani petungan, pethek, lan japa mantra. Petungane ngenani laire manungsa lan petungan

rabi. Pethek sajroning naskah ngenani barang, wateke manungsa, nandur pari, wong lara, lan patine manungsa. Japa mantra kang bakal diteliti yaiku ngenani japa mantra kanggo nambani bocah lara lan nambani bocah sawanen.

Iaine naskah kang kaya mangkono kagolong naskah nujum, amarga ngenani pethek, japa mantra, lan tandha-tandha ing badane manungsa kang gegayutan karo nasibe manungsa. Naskah kasebut diarani naskah primbon (Purnomo, 2013: 37). Saliyane *NPJ*, kang kagolong naskah primbon utawa naskah nujum yaiku *Primbon Betaljemur Adammakna*.

*Primbon Betaljemur Adammakna* bisa diarani primbon kontemporer, amarga primbone isih digunakake dening bebrayan Jawa lan isih ngrembaka ing masyarakat. Primbon kasebut wis kacetak ngati 55 edhisi ing taun 2005, tegese primbon kasebut wis nuduhake yen laris lan nduweni paedah tumrap masyarakat, mula bisa kasebut primbon kontemporer.

*Primbon Betaljemur Adammakna* kang bakal digunakake sajroning panliten yaiku edhisi 55 kang kawedhar ing taun 2005. Primbon kasebut narik kawigaten kanggo panliten *intertekstualitas*, amarga isine kang ngenani petungan, pethek, lan japa mantra memper karo *NPJ*, *Primbon Betaljemur Adammakna* dipilih kanggo *intertekstualitas* klawan *NPJ* amarga primbone mujudake primbon kang isih ngrembaka lan dipercaya dening masyarakat.

Supaya nggampangake olehe nyebut, *Primbon Betaljemur Adammakna* sabanjure diarani *PBA*. *PBA* bakal digayutake lan ditandhingake klawan *NPJ* kanthi nggunakake prinsip *intertekstualitas*. Sajroning panliten, prinsip *intertekstualitas* digunakake kanggo nemtokake panampa (*afirmasi*) lan pambada (*negasi*) ing *NPJ* klawan *PBA*. *Intertekstualitas* diandharake supaya mangerteni gegayutane naskah primbon siji klawan sijine.

Primbon narik kawigaten kanggo diteliti amarga isine mujudake warisan tekstual kang migunani tumrap bebrayan. Poerwadarminta (1937: 513) ngandharake primbon bisa dingerteni minangka sawijining layang kang njlentrehake sawenehing bab kaya petungan, pethek, lan sapanunggalane. Purnomo, (2011: 85) ngandharake primbon asale saka tembung pari-imbu-an. Tembung imbu tegese nyimpen, peran saka Jawa kuna iwo, tegese yaiku nyimpen. Mula, bisa ditegesi yen primbon yaiku seseratan minangka panggonane nyimpen samubarang kawruh ngenani panguripane manungsa.

Sajroning panliten ngenani primbon, diajab bisa mangerteni isine kang ngenani petungan, pethek, lan japa mantra kang isih digunakake bebrayan kanggo nindakake saben upacara adat ing tlatahe. Saliyane iku, supaya bisa mangerteni *intertekstualitas* antarane *NPJ* klawan *PBA*.

*NPJ* dipilih dadi objeke panliten amarga: (1) naskah iki durung ana kang nлити. (2) supaya bisa mangerteni isine sarta salah sijine naskah kang kudu di uri-uri supaya ana paedah. (3) seseratan kang ana emperu yen diwawas lumantar *intertekstualitas* klawan primbon liya kang isih digunakake dening bebrayan sajroning panguripane. Sajroning panliten mau, ana tinthingan kang bakal digunakake supaya naskah luwih cetha lan gampang dimangerteni. Tinthingan kang cocok



kanggo medharake *NPJ* yaiku nggunakake tintingan filologi.

Filologi minangka salah sijine ilmu ngenani teks kang sumimpen ing sajrone naskah (Barried, 1994: 11). Filologi nyinaoni kabudayan biyen lumantar teks tulis. Reriptan tulis minangka bahan kang nduweni nilai budaya tumrap bebrayan. Teks tulis mau diarani naskah (Sudardi, 2003: 9). Filologi minangka *studi* naskah kang nduweni pangupaya kanggo ngonceki teks-teks klasik, Barried sajrone Purnama, (2007: 12).

Filologi kang bakal digunakake yaiku filologi moderen. Sajroning panliten, filologi moderen digunakake supaya ngasilake teks kang murni lan ora ngowahi naskah asline. Filologi moderen uga gegayutan karo pakaryan suntingan teks kanggo ngandharake wacan naskah kang bakal diwenehi kritik, komentar, lan cathethan amarga tetembungan lan basane naskah ora bener.

Panliten kaleksanan kanthi pakaryan gegayutan karo asiling *deskripsi* kanggo njlentrehake isine naskah. *Deskripsi* naskah sajroning panliten yaiku kanggo nggambarake *NPJ* ngenani aksarane naskah, asale naskah, kahanane naskah, basane naskah, struktur naskah, ukurane naskah, lan isine naskah. Pakaryan kasebut ditindakake supaya pamaos mangerteni gegambarane naskah kanthi cetha.

*Transliterasi* uga digunakake sajroning panliten, kanthi caranyalin tulisane *NPJ*. Naskah kasebut wiwitane nggunakake aksara Jawa, banjur diganti aksara Latin. *Transliterasi* digunakake supaya pamaos mangerteni isine naskah kanthi cetha lan supaya pamaos mangerteni isine naskah sarta bisa menehi kawruh ngenani *NPJ*.

Saka lelandhesaning panliten kang wus diandharake mau, mula ana prekara-prekara kang kudu dionceki lan dadi undheraning panliten. Antarane yaiku: (1) Kepriye wujud *Naskah Primbon Jaelani?*, (2) Kepriye suntingan teks *Naskah Primbon Jaelani?* (3) Kepriye intertekstualitas *Naskah Primbon Jaelanik*lawan primbon *kontemporer?*

Adhedhasar undheraning panaliten mau, Tujuwane yaiku: (1) Kanggo ngandharake wujud *Naskah Primbon Jaelani*.(2)Kanggo ngandharake suntingan teks *Naskah Primbon Jaelani*.(3) Ngandharake intertekstualitas *Naskah Primbon Jaelanik*lawan primbon *kontemporer*.

Panliten iki kaajab bisaa menehi kawruh marang pamaos lan panliti dhewe, mligine ngenani karya sastra kang nggunakake teori filologi. Karya sastra kang awujud *NPJ* mujudake sastra Jawa kanggo ngguri-nguri sastra Jawa. Saliyane iku, pamaos lan panliten supaya mangerteni *intertekstualitas NPJ* klawan primbon *kontemporer*.

Wewatesaning tembung kanggo mbatesi tetembungan supaya ora nganti salah pamikir sajroning panaliten. (1) Naskah : Reriptan kang ditulis tangan kang nyimpen pamikiran lan pangrasa minangka warisan budaya (Purnomo, 2007: 20). (2) Primbon : Buku cathethan isine ngenani aturan, panutan, lan panuduhlaku sajroning masyarakat Jawa (Purnomo,

2011: 86), buku (layang) kang ngemot petungan, pethek, lan sapiturute (Bausastra, 2008: 586). (3) Suntingan : Asile nyunting. (4)Teks : Tetembungan kang nyawiji lan nduweni makna ing sajroning naskah. Tetembungane wujud *abstrak*, (Sudardi, 2003: 10). (5) Studi: Tintingan, telaah, panliten ilmiah, (KBBI, 1996: 965). (6)Intertekstualitas : Kajian tumrap teks kang nduweni sesambungan karo teks liyane, (Nurgiyantoro, 2007: 50). (7) Filologi: Salah sijine ilmu kang ngandharake ngenani teks kang sumimpen ing sajrone naskah (Barried, 1994: 11).

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Panliten Sadurunge

Panliten sadurunge kang saemper karo panliten iki ngenani teori filologi yaiku panlitene Vivin Novalina Herawati (2010), mahasiswa jurusan Pendidikan Bahasa Daerah. Irah-irahane yaiku *Suntingan Teks Lan Piwulangan Moral Ing Sajrone Naskah Serat Wulang Sunu Versi Pacitan*. Objek kang digunakake sajroning panliten yaiku awujud *Serat Wulang Sunu*. Vivin ngandharake piwulangan moral ing sajrone Serat Wulang Sunu, lan uga mbandhingake Serat Wulang Sunu saka Pacitan kang ditulis nggunakake basa Arab pegon karo Serat Wulang Sunu saka koleksi Museum Sana Budaya Yogyakarta kanthi nomer koleksi P. 162, serat warna-warni SK 114. 232. Roll 153 no. 1 kang nggunakake aksara Jawa.

### Naskah lan Teks

Objeke panliten filologi yaiku tulisan tangan kang nyimpen pikiran lan pangrasa minangka asiling kabudayan bangsa jaman biyen. Sakabehe tulisan tangan mau, diarani naskah (Barried, 1994: 55). Naskah minangka wadah teks kang ditulis. Naskah awujud *kongkrit*, nyata, lan bisa dideleng.

Teks yaiku samubarang kang ana ing naskah asipat bayangan. Teks wujud arupa isi, yaiku gagasan utawa amanat kang arep dituduhake pangripta marang pamaos, awujud crita, amanat kang bisa ditulis dening pangripta kang bisa diwaca lan disinaoni lumantar alur, rerenganing basa, *perwatakan*, lan sapiturute (Baried, 1994: 57). Teks yaiku tetembungan kang nyawiji lan nduweni makna ing sajroning naskah, tetembungane wujud *abstrak* (Sudardi, 2003: 10).

Saka andharan mau, bisa kawedhar yen naskah yaiku reriptan ngenani samubarang kang tinulis minangka warisan budaya lan wujud *kongkrit*. Dene teks yaiku samubarang kang diandharake sajroning naskah lan awujud *abstrak*. Teks bisa kasebut isine naskah.

### Primbon

Primbon mujudake salah sijine karya tradhisi kang wis ngrembaka ing masyarakat. Teks-teks primbon dimangerteni dening masyarakat minangka karya sufistik kang digunakake kanggo mangerteni sejatine urip lan panguripan, saka ngendi asale manungsa, lan pungkasane bakal menyang endi manungsa kang ana ing donya iki. *Doktrin* sufistik ing sajroning primbon,

manungsa minangka *insan kamil* utawa bisa diarani manungsa kang sampurna (Purnomo, 2011: 86).

Machsum, (2008: 322) ngandharake yen primbon minangka salah sijine jinis karya sastra kang nduweni kawruh jembar, amarga akeh cathethan penting kang ora bisa diapalke. Cathethan-cathethan ing sajrone primbon ana sesambungane antarane manungsa lan panguripane saben dinane. Pigeaud sajrone (Machsum, 2008: 322), ngandharake yen primbon ing perangane sastra Jawa minangka klompok *Bunga Rampai*, kayata ngenani adat istiadat, seni, lan hukum, primbon uga njlentrehake ngenani petungan-petungan, watek manungsa, lakune manungsa, lan uga ngenani sejatine manungsa.

Primbon kang bakal diteliti yaiku primbon klasik, amarga tulisane isih nggunakake tulisan aksara Jawa dudu aksara latin, basane nggunakake basa Jawa anyar kang isih kacampuran basa Jawa kuna. Primbon kasebut bakal digayutake lan ditandhingake klawan primbon kang digunakake bebrayan lan primbon kang isih ngrembaka ing jaman saiki utawa diarani primbon *kontemporer*.

### **Filologi**

Filologi mujudake ilmu kang ana sesambungan karo karya sastra jaman lawas kang awujud tulisan tangan. Karya-karya tulis lawas minangka warisaning kabudayan kang bisa menehi pikiran, pangrasa, lan pawarta ngenani panguripane manungsa (Barried, 1994: 1).

Tujuwane filologi kanthi umum yaiku mangerteni maknane naskah lan ngonceki nilai-nilai budaya kanthi cara nafsirake teks, ngandharake nilai-nilai budaya lawas minangka salah sijine cara kanggo pangrembakane kabudayan *kontemporer*, kanggo mangerteni kabudayane manungsa lumantar karya sastra kang urip ing tenggahe masyarakat. (Purnomo, 2013: 15-16).

Kanggo nlinti naskah kang nggunakake tintingan filologi, mbutuhake kawigaten lan minat tumrap sawijining naskah. Kawigaten sajroning filologi kayata ngenani *kodikologi*, *paleografi*, *ejaan*, panggonane naskah, pangriptide naskah, lan sapiturute. *Edhisi diplimatik* bisa mbantu para panliten supaya asiling nlinti liwih cedhak karo sumber (Purnomo, 2013: 49).

Filologi kaperang dadi loro yaiku filologi tradisional lan filologi moderen. Filologi tradisional nduweni pamawas yen sajrone teks wiwitan nduweni wujud kang asli saka pangripta lan ngalami pangribawa amarga salah ing panulisane lan salah pangertene. Filologi moderen mujudake anane peran aktif saka panliten tumrap naskah (Sudardi, 2003: 15). Sajroning *perspektif* filologi moderen, panliten menehi komentar, *terjemahan*, lan *penyanduran* kang mbutuhake sawijining *varian* kang tuwuh ing proses *transformasi* (Purnomo, 2013: 49).

Saka rong studi filologi mau, studi filologi kang bakal digunakake sajroning panliten iki yaiku filologi moderen kang diandharake dening Purnomo. Sajroning nlinti

Intertekstualitas mujudake kajian sajroning karya sastra kang wiwitane ditindakake dening Julia Kristeva, asale saka Prancis. Intertekstualitas minangka

kajian tumrap teks kang nduweni sesambungan karo teks liyane (Nurgiyantoro, 2007: 50). Sajroning nlinti teks, kudu bisa nemtokake sesambungan antarane teks siji klawan sijine.

Teks saka tembung *textus* tegese yaiku gabungan, susunan, lan sesambungan. (Teeuw (1998: 145) ngandharake yen sawijining teks diwaca kudu nggatekake teks liyane, amarga sawijing teks wis mesthi sesambungan karo teks liyane. Ora ana teks kang mujudake teks asli, tegese yen sajroning nerbitake teks, pangripta wis mesthi mbutuhake teks liya kanggo *reverensi* teks kang bakal diterbitake. Panliten bakal nlinti kanthi proses *oposisi*, *permutasi*, lan *transformasi* (Ratna, 2012: 172).

Nurgiyantoro, (2007: 54) ngandharake yen prinsip intertekstualitas kang unja yaiku prinsip mangerteni lan menehi makna karya kang ana sesambungane. Karya kasebut minangka *reaksi* saka karya liyane. Sajroning nggunakake prinsip *intertekstualitas*, pamaos minangka ide kreatifitas sajrone ngandharake makna ngenani teks kang isih nduweni sesambungan antarane teks siji klawan sijine.

Prinsip *intertekstualitas* yaiku karya mung bisa dimangerteni maknane kanthi wutuh lan ana sesambungane klawan teks liyane kang bisa ndadekake *hipogram* kanthi 1) *ekspansi*, yaiku pangrembakane karya sastra, 2) *konversi* yaiku *modifikasi* ukara tumrap karyane 3) *modifikasi* (*manipulasi* runtunane tembung lan ukara). Sajroning *modifikasi*, pangripta kasta sastra bisa ngganti jenenge paraga ing sastra, sanadyan tema lan alure padha; 4) *ekserp* yaiku intine carita (Edraswara, 2003: 132-133).

*Intertekstualitas* miturut Pradopo (1997: 228) mujudake karya kang ana gegayutane klawan teks liyane lan nduweni *hipogram* utawa karya sastra kang dadi punjere karya sastra. Tuwuhe karya sastra kang anyar mujudake campuran saka karya sastra kang lawas. Saliyane iku, karya sastra nduweni sesambungan sejarah antarane karya kang terbite bareng, karya kang terbite luwih dhisik, lan karya kang terbite keru. Sesambungane mau bisa padha (*afirmasi*) lan bisa uga beda (*negasi*) (Pradopo, 2005: 155).

Saka andharan mau, bisa kawedhar yen *intertekstualitas* yaiku kajian tumrap teks kang nduweni sesambungan karo teks liyane kanthi cara mangerteni lan menehi makna karya kang ana sesambungane.

### **Lelandhesaning Teori**

Panliten mbutuhake sawijining teori kanggo ngonceki prekara-prekara ing naskah. Teori kang digunakake kanggo ngonceki naskah yaiku teori filologi *moderen* kang diandharake dening Purnomo. Filologi yaiku piwulang kang sesambungan karo naskah jaman biyen. Filologi mujudake kawruh kang nggunakake objek naskah. Wujude bisa arupa lontar, dluwang, kayu kang arupa tulisan tangan lan basane basa Jawa, Arab, lan sapiturute (Djamaris, 2002: 3).

Naskah jaman biyen kang wis rusak, tulisane ora cetha, lan tetembungan kang ora bener, kudu diteliti kanthi nggunakake teori filologi supaya bisa mangerteni isine



naskah. *Edhisi diplomatik* uga ditindakake supaya naskah kang disunting lan diterbitake ora owah.

### **METODE PANLITEN**

Metode lan tinthangan minangka pangerten kang *implisit* kanthi ora langsung (Ratna, 2008: 33). Metode minangka cara-cara, *strategi* kanggo mangerteni *realita*, tahap-tahap *sistematis* kanggo ngonceki sebab-akibate prekara. Metode nduweni fungsi kang padha karo *teori*, metode fungsine kanggo nggampangake prekara supaya bisa dimangerteni.

Metode ditindakake panliten kanthi tahap-tahap kang trep supaya kasile bisa dipercaya dening pamaos. Metode kang bakal diandharake yaiku ngenani ancangan panliten, objek panliten, sumber data lan data, *instrumen* panliten, teknik pangumpulan data, lan teknik analisis data.

### **Ancangan Panliten**

Ancangan panliten kanggo ngandharake *NPJ*, yaiku arupa *kualitatif*. *kualitatif* yaiku ngenakake hakikate nilai-nilai. Moleong (2008: 6) ngandharake panliten *kualitatif* mujudake panliten kanggo mangerteni prekara-prekara kang wis dumadi, ngenani tetembungan lan basa kang asipat ilmiah, sarta nggunakake metodhe kang ilmiah.

Ratna (2008: 47-48) ngandharake ciri-cirine *kualitatif* yaiku (1) menehi kawigaten utama tumrap makna lan amanat kang trep karo hakikate objek, yaiku minangka studi kultural. (2) luwih nengenake proses tinimbang kasile panliten, mula maknane mesthi owah. (3) ora ana jarak antarane subjek panliten lan objek panliten, subjek panliten minangka *instrument* kang utama, mula ana *interaksi* antarane subjek lan objek. (4) sipate mung sawetara, amarga panliten nduweni sipat tarbuka. (5) sipate alamiah, dumadi sajroning *konteks* sosial lan budayane dhewe-dhewe.

Jinis panliten *kualitatif* sajroning panliten iki asipat *deskriptif*, yaiku panliten kang asli datane arupa tetembungan kang tinulis. Metode iki kanggo nggambarake kanyatan saka objek saengga bisa bener lan pener. Kanthi ancangan deskriptif *kualitatif*, panliten iki diajab bisa ngasilake gegambaran kang cetha lan objektif ngenani *suntingan* teks lan njlentrehake *intertekstualitas* antarane *NPJ* klawan *PBA*.

Metode *Hermeneutika* uga digunakake kanggo ngandharake isine naskah. *Hermeneutika* asale saka basa Yunani yaiku saka tembung *hermeneuein* tegese nafsirake tembung. *Hermeneutika* dianggep *sambung karo* Hermes, jenenge Dewa Yunani kang ngirim pesen Ilahi marang manungsa (Ratna, 2008: 45). Kawitane, *medium* pesen wujud yaiku basa. Mula, nafsirake disampeke lumantar basa. Karya sastra perlu ditafsirake amarga nduweni basa kang maknane sinenger. *Hermeneutika* minangka metode kang paling sering digunakake sajroning nlliti karya sastra. *Hermeneutika* dianggep metode ilmiah kang paling tuwa, kawiwitan nalika jamane Plato lan Aristoteles (Ratna, 2008: 45).

Endraswara, (2003: 42) ngandharake yen *hermeneutik* tegese yaiku tafsir. *Hermeneutik* nduweni

pangupaya kanggo mahami makna kang ora mung simbol wae, nanging mahami sastra minangka teks. *Hermeneutik* wigati banget kanggo mahami teks kanthi total. Panliten nalika nggunakake *hermeneutik*, kudu mahami makna kang ana sajroning teks.

Saka rong pamawas mau, bisa didudut yen metode *hermeneutik* yaiku metode kang digunakake kanggo nafsirake karya sastra lumantar basa. Sajroning nafsirake karya sastra klasik, aspek filologi kudu digateke supaya luwih cetha. Nafsirake teks uga kudu ditindakake kanthi total, tegese ora mung sajabane teks wae nanging kudu mahami maknane teks. Metode *hermeneutik* ora nengenake makna kang paling bener, nanging makna kang paling *optimal*. Nafsirake karya sastra bisa nuwuhake pamawas kang beda antarane pamaos siji klawan sijine, lan bisa nuwuhake makna kang akeh.

### **Objek Panliten**

Objek kang digunakake sajroning panliten yaiku arupa naskah lawas kang nggunakake aksara Jawa lan basane uga basa Jawa anyar. Objek panliten sajroning metodhe *kualitatif* yaiku arupa dokumen (Moleong, 2008: 9). Dokumen sajroning panliten yaiku *NPJ*. Naskah kasebut diandharake ngenani petungan, pethek, lan japa mantra lan digayutake klawan *PBA*

### **Sumber Data lan Data**

Sumber data sajroning panliten iki yaiku sumber data kang arupa *NPJ* asli saka Bapak Maulana Khusaini kang pidaleme ana ing Desa Karangpuri RT 05, RW 04, Kecamatan Wonoayu, Kabupaten Sidoarjo. Miturut Maulana Khusaini, *NPJ* kagugane Mbah Jaelani kang daleme uga ana ing Desa Karangpuri. Naskah iki ditulis nganggo aksara lan basa Jawa. Naskah kasebut minangka cathethane Mbah Jaelani kang ora ana irah-irahane amarga wujud naskah pribadi lan isine naskah ngenani petungan, rohe manungsa, lakune manungsa miturut neptu, salat Makripat, lan japa mantra. Mula, Maulana menehi irah-irahan *Naskah Primbon Jaelani*.

Sumber primer wis cetha arupa *NPJ*, dene data kang dienggo panliten yaiku arupa tembung-tembung lan simbol-simbol kang ngenani pitungan, pethek, lan japa mantra kanthi studi *intertekstualitas*. *NPJ* bakal digayutake lan ditandhingake klawan *PBA*. Mula, sumber data sekunder yaiku arupa *PBA*.

### **Instrumen Panliten**

*Instrumen* panliten kang digunakake sajroning panaliti *Naskah Primbon Jaelani* yaiku panliti dhewe, amarga panliti minangka pawongan kang nyusun rencana kanggo panalitene nganti nyusun laporan. Moleoeng, (2008: 168) ngandharake panliti minangka *instrumen* kang nyusun rencana, nglumpukake data, nganalisis data, nafsirake data lan nyusun laporan asile panlitene.

Sajroning nlliti *NPJ*, sepisan kang ditindakake yaiku golekan naskah kang bakal ditliti, banjur panliti nganalisis naskah kanthi cara nggunakake tintingan filologi lan nafsirake isine naskah, sarta panliten nganalisis *studi intertekstualitas NPJ* klawan *PBA*.

### **Teknik Pangumpulan Data**

Teknik pangumpulan data sajroning nlti *NPJ* mujudake pakaryan kang wigati banget. teknik pangumpulan data ana telu yaiku teknik pustaka lan teknik nyathet. Kanthi luwih cetha, teknik pangumpulan data kaya mangkene.

#### (1) Teknik Pustaka

Teknik pangumpulan data sajroning *NPJ* yaiku teknik pengumpulan kang nggunakake sumber data awujud tulisan utawa kapustakan. Teknik kasebut diarani *teknik pustaka*. Kanthi cara nggumpukake buku-buku kang saemper, bisa nyengkuyung panliten.

#### (2) Teknik nyathet

Teknik nyathet uga digunakake sajroning teknik pangumpulan data. Teknik nyathet dilaksanakake kanthi maca *NPJ* lan menehi tandha utawa cathethan tartamtu. Teknik iki, ditindakake kanggo ngolah saben prekara kang ana supaya luwih cetha. Teknik nyathet uga bisa nggampangake panliti yen ana babagan tartamtu kang nduweni kekeliruan sajroning nlti *NPJ*.

### **Teknik Analisis Data**

Teknik analisis data sajroning nlti *Naskah Primbon Jaelani* nggunakake metode naskah tunggal, amarga naskah iki minangka wujud naskah pribadi. Data kang diteliti arep diandharake nggunakake filologi modern mligine nggunakake edhisi diplomatik. Teknik analisis data kang bakal digunakake panliten yaiku:

#### 1) Deskripsi naskah

*Deskripsi* naskah ateges njlentrehake wujud naskah wiwit ngenani panggonane panyimpene naskah nganti gegambaran kahanane naskah kanthi umum. *NPJ* digambarake ngenani papan panyimpene, panulise, bahane naskah. Purnomo, (2007: 33) ngandharake babagan kang kudu dijlentrehake sajroning *deskripsi* naskah antarane: papan panyimpene naskah, nomor (yen ana nomere) kudu ditulis kanthi jangkep, panulis (bisa wong kang ngubah naskah lan kang nerbitake naskah), bahane naskah (papyrus, daluwang, lontar, kulit, pring lan sapiturute), ukurane naskah, cacah kaca (lempit utawa bilah), Gunggung gatra saben kaca ing naskah, jinis tulisan, Kahanane tulisan (cetha, ora cetha, rusak), kahanane naskah kanthi umum, umure naskah, lan babagan liyane kang gegayutan karo kondisi fisike naskah.

#### 2) Transliterasi naskah

*Transliterasi* yaiku ngganti jinis tulisan kanthi sakabehe, aksara mbaka aksara, abjad siji marang abjad liyane. Sajroning (Purnomo, 2007: 36) *transliterasi* bisa ditegesi ngganti tulisan utawa nyalin teks kanggo ngowahi *ejaan* naskah marang *ejaan* liyane. Transliterasi nduweni tujuwan kanggo nggampangake masyarakat moderen anggone maca naskah.

*NPJ* bakal ditransliterasi saka aksara Jawa dadi aksara Latin. Transliterasi ditindakake supaya pamaos mangerteni isine naskah. Proses *Transliterasi* utawa ngganti jinis tulisan, aksara mbaka aksara saka wujud aksara siji ing wujud aksara liyane kudu nggatekake ciri-ciri teks asline amarga proses iki bakal dipertanggungjawabake supaya bisa mangerteni sawijining naskah dening pamaos (Barried, 1994: 64).

### 3) Kritik teks

Kritik teks menehi nilai tumrap teks, nlti lan menehi panggonan tumrap teks kanggo ngasilake teks kang memper teks asline. Teks kang wus dibenerake lan wus dironce bisa dipertanggungjawabake kanggo kepentingan panliten ing ilmu liyane (Barried, 1994: 61)

*NPJ* dikritik kanthi cara naskah kudu disunting lan diterbitake sarta ora ngowahi ejaane teks, dianakake *emendasi* utawa mbenerake samubarang kang salah sajroning teks. (Purnomo, 2007: 43) sajroning kritik teks kang kudu digatekake yaiku: (1) aspek *pungtuasi*, (2) perangane tembung lan ukara, (3) panggunaane tandha-tandha *diakritik*. (4) catatan sarta komentar ngenani panyimpangane teks.

#### 4) Studi intertekstualitas

Seratan primbon bakal dianalisis ngenani petungan, pethek, lan japa mantra kang isih digunakake dening bebrayan ing saben dinane kanthi nggunakake primbon kontemporer yaiku *Primbon Betaljemur Adammakna*.

### **TINTINGAN KRITIS TUMRAP NPJ**

Andharan bab wujud naskah mujudake salah sijine pakaryan kang ana ing filologi. Andharan bab wujud naskah bisa uga kasebut deskripsi naskah. *Deskripsi* naskah ateges njlentrehake wujud naskah ngenani panggonan panyimpene naskah, nomor, panulis, bahane naskah, ukurane naskah, cacah kaca, Gunggung gatra saben kaca ing naskah, Jinis tulisan, Kahanane tulisan, kahanane naskah, lan umure naskah.

### **Aspek wewujudane NPJ**

Andharan bab wujud naskah bakal maparake gegambaraning naskah. Anane gegambaran iki bisa nerangake wujud naskah kang diteliti tumrap pamaos. Wujud naskah sajroning *NPJ* yaiku ngenani irah-irahane naskah, asal-usule naskah, kahanane naskah, wujud naskah, basane naskah, ukurane naskah, lan isi ringkese naskah.

Naskah kang dirembug arupa naskah pribadhi kagugane Bapak Maulana khusaini pidaleme ana ing dusun Karangnongko, desa Karangpuri RT 05, RW 04, kecamatan Wonoayu, Kabupaten Sidoarjo. Isine naskah kang awujud tembang ana telu cacah, yaiku dhandhang gula, kinanthi, lan sinom. Cacah kaca sajrone naskah ana 98 lembar, ana saperangan tembung sajrone naskah kang ora bisa diwaca amarga kahanane bolong lan tulisane mblobor. Aksara kang digunakake yaiku aksara Jawa, basane nggunakake basa Jawa anyar kang kacampuran tembung-tembung saka basa Arab lan basa kawi. Andharan ngenani wujud naskah kanthi gamblang kaya mangkene.

### **Irah-Irahane Naskah**

Irah-irahane naskah mujudake katrangan kang wigati kanggo dijlentrehake. Irah-irahane naskah biasane kaserat ing perangan ngarep, utawa kang diarani *manggala* (Jawa kuna) utawa *wadana*, bisa uga kaserat ing perangan mburi utawa diarani kolofon. Ora saben



naskah nduweni irah-irahan. Naskah kang ora ana irah-irahane uga akeh, salah sijine yaiku *NPJ*. Naskah kang ora ana irah-irahane, kudu ditemtokake supaya nlinti bisa gampang

*NPJ* mujudake salah sijine naskah pribadhi kang ora ana irah-irahane. Naskah mau diwenahi irah-irahan dening pak Maulana khusaini, minangka turunane Mbah Jaelani kang dipasrahi ngramut naskah primbon mau. Mbah Jaelani minangka mbah buyute saka bapake Maulana kang asmane bapak Kusen. Irah-irahane dijupuk saka isine lan jenenge pangripta naskah. Jlaran isine ngenani petungan, pethek, lan japa mantra, mula diarani naskah primbon.

Jaelani minangka asmane mbah buyute pak Maulana khusaini kang sadurunge budhal kaji, nanging sawise kaji panjenengane paring asma Mbah Noer Salam. Maulana nggunakake Jaelani amarga jeneng kasebut mujudake jeneng Jawa lan cocok kanggo jeneng naskah. Sanajan ing naskah ora ditemokake pangriptane, nanging Mbah Jaelani wis kandha marang anak putune yen nyerat naskah mau, mula pak Maulana menahi irah-irahan Naskah primbon jaelani utawa *NPJ*.

#### **Asale Naskah**

*NPJ* mujudake naskah pribadhi kang nduweni asal-usul. *NPJ* asale saka Bapak yaiku Maulana Khusaini kang alamate ana ing Desa Karangpuri RT 05, RW 04, Kecamatan Wonoayu, Kabupaten Sidoarjo. Miturut Maulana Khusaini, naskah iki duweke mbah buyut, kang asmane yaiku mbah Jaelani kang asale saka Pakis Kanjen, Pati, Jawa Tengah. Banjur, panjenengane pindhah menyang tlatah Sidoarjo lan pidaleme ing Desa Karangpuri kecamatan Wonoayu lan panjenengane paring asma mbah Noer Salam. Miturut katrangan Bapak Maulana, naskah kasebut dipasrahake marang bapake kang asmane Bapak Kusen kang minangka putune mbah Jaelani. Ing taun 1998, bapak Kusen seda lan naskah kasebut dipasrahake marang bapak Maulana. Bapak Maulana uga njlentrehake ngenani naskah kasebut yen naskahe mujudake cathethan Mbah Jaelani tanpa irah-irahan amarga wujud naskah pribadhi.

#### **Kahanane Naskah**

Kahanane *NPJ* isih cetha lan apik, arupa naskah asli tulisan tangan lan kaserat ing daluwang warna kuning rada coklat. *NPJ* kagungane Pak Maulana lembaran ngarep wis ora ana, ing tengah ana kang bolog cilik amarga dipangan rayap, nanging isih bisa diwaca. Saliyane iku, ana perangan kang tulisane ora bisa diwaca amarga tulisane mblaur.

Perangane naskah kasebut kaperang saka 49 lembar lan 98 kaca. Pangripta nggunakake tinta warna ireng. Mangsi warna abang lan biru digunakake kanggo nggambar naga kang dumunung ana kaca 61. Kertas kang digunakake arupa dluwang, rupane dluwang kuning rada coklat, sarta ana lembaran kang tulisane dicoret-coret, mula ora bisa diwaca kanthi cetha.

#### **Struktur Naskah**

Wujude *NPJ* yaiku tembang lan gancaran. Tembang sajroning *NPJ* mujudake tembang dhandhang gula, kinanthi, lan sinom. Cacah pupuh ana 36, kaperang

dadi 12 pupuh tembang dhandhang gula, 16 pupuh tembang sinom, lan 8 pupuh tembang kinanthi. Saben kacane *NPJ*, cacah ing gatra rata-rata ana 14 nganti 16 gatra.

#### 1) Tembang

Tembang sajroning *NPJ* mujudake tembang Macapat. Tembang macapat cacah ana 11, yaiku Mijil, Sinom, Maskumambang, Pangkur, Durna, Kinanthi, Asmaradana, Dhandhanggula, Gambuh, Megatruh, lan Pucung. Sajroning *NPJ*, tembang arupa tembang Dhandhanggula, Kinanthi, lan Sinom.

#### 2) Gancaran

Gancaran asale saka tembung gancar, tegese yaiku carita. Sajroning *NPJ* gancaran ana ing perangan mburine tembang. Gancarane *NPJ* arupa petungan, pethek, sejatine salat, lan unsur ing badane manungsa. Petungane ngenani wong nandur pari, palakrama, lan neptu. Pethek sajroning naskah ngenani barang ilang lan wong kang nyolong, tambane wong lara, lan patine manungsa.

#### **Basaning Naskah**

Basa mujudake salah sijine sarana kanggo ngandharake pamikire pangriptane naskah marang pamaos lumantar naskah. Sajroning *NPJ* basa kang digunakake yaiku basa Jawa anyar, kang kacampuran tembung-tembung saka basa Arab lan basa kawi.

#### 1) Basa Jawa Anyar

Basa Jawa anyar sajroning *NPJ* mujudake basa kang utama, amarga basa Jawa anyar pancen digunakake kanggo ngandharake isine. Basa Jawa anyar mujudake basa kang gampang dimangerteni, amarga basane digunakake bebrayan Jawa ing wektu saiki.

#### 2) Tembung Kawi

Tembung Kawi mujudake salah sijine tembung kang nate digunakake sajrone bebrayan Jawa. Tembung Kawi sajroning *NPJ* digunakake kanggo ngandharake tembang Dhandhanggula, Kinanthi, lan Sinom. Tembung Kawi sajrone *NPJ* kayata: miwah, tirta, kadya, miruda, tan, setra, driya, lamun, belandhak, nira, wana, Widi, bekti, ingsun, maring, marga, rahayu, aneng, jalma, rumeksa, rahayu, teja, arum, wisa, tawa, sagunge, nawa.

Tuladha kaya mangkono mujudake tuladha tembung Kawi. Kabeh tetembungan mau nduweni teges lajn makna. Miturut kamus Bausastra lan Kamus basa kawi, tegese tetembungan ing basa Jawa anyar yaiku: miwah (lan), tirta (banyu), kadya (kaya), miruda (minggat), tan (ora), setra (kubur), driya (tukung pangrasa ati), lamun (yen), belandhak (mbabat), nira (banyu), wana (alas), Widi (Dewa), bekti (sembah), ingsun (aku), maring (dhateng), marga (dalan), rahayu (waras), aneng (ana ing), jalma (wong), rumeksa (jaga), rahayu (waras), teja (sinar), arum (wangi), wisa (upas), tawa (tawar), sagunge (sakabehe), nawa (padhang).

#### 3) Tembung Arab

Tembung Arab sajrone *NPJ* digunakake ing tembang lan saperangan gancaran kang ngenani agama. Tuladhane Tembung Arab sajrone *NPJ* yaiku: Alahuma hadam sarwin, kulhuwalahhu Allah, wasabikul walilahi, wasabikul kabatwolah, ngulama lan para mukmin, puniki dununge salat kang mangsa waktu lelima iku “aja sira



sembrana”, iman tunggu anunggu ati, yah ukbadan sampurna “sallamuallaikum” slamet donya trusing kerate, tilawat madhake rekan, panduluku Rasul, rineksaning Malekat.

Sakabehe tetembungan basa Arab kaya mangkono uga nduweni teges. Tegese miturut kamus basa Arab yaiku: Allahuma (ya Allah), kulhuwallahu (Panjenengane yaiku Gusti Allah), walillahi (duweke Gusti Allah), Rasul (utusan Gusti Allah), Malahekat (abdine Gusti Allah), mukmin (wong kang ngrasuk agama islam), iman (percaya), Sallat (sembahyang), assalamualaikum (slamet donya trusing akherat), tilawat (maca Alquran kanthi dilagukake).

#### Ukurane Naskah

Ukurane naskah sajroning *NPJ* bisa diukur ngenani cacah kaca, cacah gatra saben kaca, dawane kertas, ambane kertas, lan kandele naskah. Sakabehe ukuran mau ana ngisor iki:

Cacah kaca	= 98 kaca
Cacah gatra saben kaca	= 13 nganti 16 gatra
Dawane kertas	= 17 cm
Ambane kertas	= 11 cm
Kandele naskah	= 1 cm

#### Tulisane Naskah

Tulisane naskah kanthi umum, ditulis nggunakake aksara Jawa. Mangsi kanggo nulis tetembungane yaiku mangsi warna ireng, nanging ana uga kang warna abang lan biru nalika kanggo nggambar naga kang ana ing kaca 61. Wujud tulisane naskah rapi, nanging ana saperangane tembung tulisane rada mlobor. Pangripta uga nggunakake tandha kanggo miwiti ukara, tembung kang penting diwenehi tandha petik, lan kanggo mungkasi ukara.

#### Isine Naskah

Kanthi umum isine *NPJ* ngenani petungan, pethek, lan japa mantra. Saliyane iku, uga ngenani agama. Petungan lan pethek mujudake salah sijine warisan nenek moyang kang isih digunakake nganti saiki. Japa mantra mujudake warisan kang wigati banget, amarga japa mantra minangka unen-unen kang bisa nambani wong lara. Agama sajroning *NPJ* mujudake pangripta ngelingake pamaos ngenani salat.

Petungan sajroning *NPJ* yaiku ngenani wong arep nikah mligine pitungan panca suda, pitungan barang kang ilang, lan pitungan wateke manungsa. Pethek sajroning naskah kasebut ngenani nandur pari, satrone sasi, wong lara, keduten, wateke manungsa, lair lan pati, lan tali wangke. Japa mantra ngenani nambani wong edan lan nambani bocah sawanen. Agama uga ana ing *NPJ*, mligine ngenani salat, nupus, napas, lan sapiturute.

#### Suntingan Teks

Suntingan yaiku asil pakaryan nyunting utawa ngedit. Suntingan teks kang diandharake mujudake asil transliterasi naskah primbon Jaelani. Sajrone suntingan teks ana sawetara tatacara kang kudu ditindakake kayata: lelandhesaning suntingan, asiling suntingan teks, kritik teks, lan komentar. Suntingan kang diandharake

landhesane saka kekeliruan teks, kekhususan, lan uga tetembungan kang narik kawigaten.

#### Lelandhesaning Suntingan Teks

Lelandhesaning suntingan teks gegayutan karo andharan ngenani perangan dhasar tembung lan tandha kang digunakake kanggo nyunting naskah Primbon Jaelani. Lelandhesane kaya mangkene:

1. Wujud teks kang bakal digunakake kanggo nyunting yaiku arupa teks *NPJ*. Teks *NPJ* kang digunakake nyunting yaiku kang arupa tembang. Ana tembang telu kang digunakake, yaiku tembang Dhandhanggula, Sinom, lan Kinanthi. Saka telung tembang mau, dijupuk tembung-tembung kang laras supaya luwih bisa dimangerteni dening para pamaos.
2. Variasi ejaan basa Arab kang durung trep. Tuladhane Alah dadi Allah.
3. Aksara Murda (huruf/ konsonan kapital) lan aksara Swara (huruf/ vokal kapital), digunakake kanggo nulis wiwitan ing saben pupuh lan nyebut asma Pangeran, Nabi, Rosul, lan sapiturute.
4. Tandha kang digunakake ing suntingan naskah primbon jaelani yaiku:
  - a. [...] : tandha kang digunakake kanggo tembung kang ora bisa diwaca amarga rusak.
  - b. Angka 1, 2, 3 : digunakake kanggo tembung kang bakal diwenehi komentar.
  - c. [- ] : tandha strep digunakake kanggo tembung kang diilangi.

#### Asil Suntingan Teks

Suntingan kanggo ngandharake *NPJ* yaiku nggunakake edhisi diplomatik. Sajroning menehi kritik *NPJ*, panliten nerbitake naskah kanthi cara mbenerake tetembunganing tembang, menehi komentar lan cathethan kritis tumrap tetembungan kang salah. Suntingane tembang Dhandhang gula, Sinom, lan Kinanthi kaya mangkene:

##### I. Dhandhang Gula

1. Wonten kedung<sup>1</sup> rumeksa ing wengi teguh rahayu luput ing lara luputanyila ika nyohe<sup>2</sup> jim setan tan nana<sup>3</sup> purun paniluhan<sup>4</sup> tan nana wani miwah<sup>5</sup> wong penggawe ala gunane wong luput geni ageng emah tirta maling adoh anggrahi pan padha wedi<sup>6</sup> tujuku nama sirna

##### II. Sinom

Kang rumeksa ing Bang Wetan  
Durganeluh Maospahit  
setan kober ing Lodhaya  
punika retune dhemit  
nyilambang kang winarni

awesta<sup>1</sup> sing bali nyatu  
panjang buta Sulewah  
memedhun saka Laseti  
paksi karet lelembute Pudaraga.

### III. Kinanthi

Pitik tulakpitik trukung<sup>1</sup>  
tetulakke jabang bayi  
cacing racek ya ngidohna  
sarap sawan padha mati  
trukung mekukung ing Ngarsi  
nulak balik ing Margi.

#### Aparat Kritik Teks

Aparat kritik nduweni tujuan kanggo mangerteni wujud teks kang luput lan bener, adhedhasar maknane tetembungan kang ana sajroning teks. Tembung-tembung kang luput sajrone teks banjur dibenerake laras karo paugeran kang ana. Bab aparat kritik iki nganggo tabel. Tabele kaya mangkene

Tabel 4.5 :Kritik Naskah Primbon Jaelani

Jenis Tembang	No	Naskah	Suntingan
Dhandhang-gula	1. P. 1. 1	Kedung	Kidung
	2. P. 1. 3	Nyila ika nyohe (6)	Bilahi kabeh (5)
	3. P. 1. 4	Tan nana (3)	Datan (2)
	4. P. 1. 5	Paniluhan	Peniluhan
	5. P. 1. 6	Miwah (2)	Wah (1)
	6. P. I. 9	Maling adoh anggrahi pan padha wedi	Maling adoh anggrahi pan padha wedi
Sinom	1. P. 3. 1	Awesta	Awasta
Kinanthi	1. P. 5. 2	Trukung	Tukung

#### Komentar

- Dudu tembung kedung, jalaran tembung kasebut ora trep karo tembung liyane. Tembung kasebut bisa diganti kidung. Unine dadi “Wonten kidung rumeksa ing wengi” tegese yaiku ana tembang kang njaga ing wengi. Kidung mujudake karangan kang arupa tembang. Chodjim, (2003: 42) ngandharake yen kidung mujudake sabda suci knggo njaga ing wengi. Jaman biyen, akeh wong kang seneng tumindak ala ing wayah isuk lan ing wayah dalu.
- Tembung nyila ika nyohe bisa diganti karo bilahi kabeh, amarga tembung nyila ika nyohe yen digayutake karo tembung sadurunge ora trep. Ukara kang wiwitan unine “luputa nyila ika nyohe” owah dadi “luputa bilahi kabeh”, tegese yaiku bebas saka bebaya. Saliyane iku, ukara luputa nyila ika nyohe ora trep karo guru wilangane. Dhandhanggula ing

baris katelu kudune 8e dudu 9e, mula luwih cocok nggunakake ukara “luputa bilahi kabeh”. Sajroning buku Mistik dan Makrifat Sunan Kalijaga, unine tembang kasebut uga luputa ilahi kabeh.

- Tembung “tan nana” ora trep karo guru wilangane tembang Dhandhanggula, amarga baris kapapat kudune 7u lan ora 8u. mula, tembung “tan ana” bisa diganti karo tembung datan. Tembung kasebut ora ngowahi teges. Ukara wiwitan yaiku “Jim setan tan nana purun”, tegese yaiku “ Jim setan ora ana kang gelem”. Sawise diowahi, ukara kasebut dadi “Jim setan datan purun”, tegese yaiku “Jim setan ora gelem”.
- Paniluhan ora ana tegese, kang bener yaiku paneluhan. Paneluhan tegese yaiku santet. Paneluhan tan ana wani tegese yaiku santet ora wani.
- Tembung miwah diganti karo tembung wah. Tembung wah lan miwah nduweni teges kang padha, yaiku tegese “lan”. Miwah diganti klawan wah, jalaran ngetrepake guru wilangane.
- Sajroning tembang Dhandhanggula ana ukara “Maling adoh anggrahi pan padha wedi” tegese yaiku nalika ing wayah wengi ana wong kang arep njupuk barang kita kang ora kandha utawa kasebut maling, yen diwacakake tembang dhandhanggula dheweke bakal ngalih. Pangripta nggunakake paraga maling amarga ing jaman biyen nganti saiki, akeh maling kang bisa gawe ati kita susah. Mula, maling kasebut kudu diusir supaya ora sida njupuk barang kita.
- Tembung Awesta ora ana tegese. Tembung kasebut bisa diganti karo tembung awasta. Tembung awasta uga ana ing suluk Plencung. Unine yaiku awata pun wara-wiri.
- Trukung sajroning kamus ora ana tegese. Trukung yen digayutake klawan tembung kang ana ing ngarepe lan ing mburine, tembung trukung ora trep. Trukung bisa diganti tukang. Ukara kang asline “pitik tulak pitik trukung”, owah dadi “pitik tulak pitik tukang”. Tegese yaiku pitik ules irenng kang kacampuran putih, pitik kang ora duwe buntut.

#### Intertekstualitas

Sajroning intertekstualitas, ana rong prekara kang bakal diandharake, yaiku: (1) ngenani isine *NJP* (Petungan, Pethek, lan Japa Mantra), (2) Intertekstualitas *NPJ* klawan primbon kontemporer, yaiku *PBA*. Andharane kaya mangkene

#### Petungan

Petungan Jawa mujudake salah sijine adat Jawa kang isih digunakake bebrayan nalika arep nindakake upacara adat. Petungan bisa kapetung saka dina lan pasaran. Petungan dina lan pasaran ana nuwuhake neptu. Cacahe neptu ana maneka warna, kabeh mau gumantung saka dinane. Dina Ahad= 5, Senen= 4, Selasa= 3, Rebo= 7, Kemis= 8, Jumuwah= 6, Setu= 9. Pasaran nduweni neptu kang beda-beda. Neptune pasaran yen tiba Kliwon= 8, Legi= 5, Pahing= 9, Pon= 7, lan Wage= 8.

Petungan sajroning *NPJ* ana telung siklus, yaiku siklus lair nganti mati. telung siklus mau yaiku lair,

manten, lan mati. Telung siklus mau, bakal digayutake lan ditandhingake klawan primbon Betaljemur Adammakna. Petungane kaya mangkene.

**Petungan Lair**

Manungsa lair ing donya wis mesthi ditemtokake dening Gusti. Kabeh mau uga wis pepestene Gusti. Manungsa lair, duwe watek kang beda-beda, kabeh mau bisa gumantung saka ibu lan bapake, sarta uga bisa saka dina lan pasarane. Petungan lair, sajroning NPJ ana loro yaiku miturut neptu lan mongsa. Petungane kaya mangkene:

*“Ing ngandhap puniki lamun Setu “sapa wong kang lahir gawa netu pira” kadi punika lakune miwah pangan utane wong.*

*Netune dina pasar*

Netu	Lakune
7.	Lakune bumi
8.	Lakune geni
9.	Lakune angin
10.	Lakune pandhita
11.	Lakune Setan
12.	Lakune Kembang
13.	Lakune Bulan
14.	Lakune Lentang
15.	Lakune Surriya
16.	Lakune Banyu
17.	Lakune Bummi
18.	Lakune Genni gedhe

**(Jaelani kaca 47)**

Petungan lair miturut neptu ana 12, yaiku saka neptu kang cacahé ana 7 nganti cacahé ana 18. Cacahé dina lan pasaran dipetung lan gunggungé pira, banjur ditemtokake lakune. Tuladhane yen ana bocah lair ing dina Sabtu pahing, dheweke duwe neptu 18. Sabtu neptune 9 lan Pahing neptune uga 9. Nalika digunggung, cacahé dadi 18.

Sajroning NPJ, bayi lair kang duwe neptu 18 diarani duwe laku geni. Bayi laku geni wateke yaiku wongé panas, clatune ukur menga, lan padune wong jireh (Purwadi, 2006: 29). Laku banyu wateke yaiku keras budine, suka mrentah, lan ora gelem yen kurang mangan (Purwadi, 2006: 29). Laku banyu diduweni dening bayi kang duwe neptu 17. Saliyene iku, laku bumi nduweni watek rendah pangcape. Laku bumi diduweni dening bayi kang neptune ketemu 16.

Saben netu nduweni laku kang beda-beda. Sajroning lakune manungsa miturut neptu, ana maknane dhewe-dhewe. Miturut Tanoyo (15), laku bumi nganti laku geni gedhe maknane beda. Laku geni tegese yaiku bocahe panas baranan, ambangun perang, drengki, yen wadon sok anggung gawe bilahi. Laku angin tegese bocahe meneng, mandita, dhemen ginunggung, nanging yen duwe japa ora mandi. Laku pandhita tegese yaiku bocahe meneng, anggitan, yen wuruk nuli bisa, jero jerosune, bisa menyang padukunan.

Laku setan uga nduweni teges dhewe. Bocah kang nduweni laku setan bocahe kendel, wani angambah wengi, calimut, melik marang duweke tangga. Laku kembang tegese yaiku tan derman, akeh sanake, linutan marang jalma jalu lan estri. Laku bulan tegese yaiku sabarang penggaweyan bangkit lan sedhela bisa mukti, jembar budine, yen winuruk gelis bisa. Bocah kang nduwe laku lentang yaiku meneng, lembah manah nanging tan darbe sedulur, betah melek. Laku surya nduweni makna pamicarane manis, asor yen padu, barang (apa-apa) kacipta. Laku banyu tegese yaiku ing tembe bocahe seneng mrentah, keras budine, lan ora gelem yen kurang mangan.

Petungan kaya mangkono, uga ana ing PBA. Petungan miturut neptu isine kaya mangkene

*“Wataking bayi miturut gunggungé neptune dina lan pasaran nalika lahir.*

*Yen gunggungé neptune ketemu:*

- 6 Narima, dhemen ulah kapandhitan, nanging wicarane tan kena kasoran, dhemen lelungan adoh.
- 7 Brangasan lan panasbaran, drengki kurang marta kang ati, akeh wong kang den brangus, dhemen padu, yen nepsu sok mbilaheni.
- 8 Baranjalan omah-omah sring ngalih, sabane adoh, yen duwe japa, ora mandi malah gawe karusakan.
- 9 Anteng sembada, yen diwulang lantip, jero nepsune, baud lan bisa dadi dhukun. Ora gelem tinakonan. Juweh tresna marang sanak dulure.
- 10 Mapan bares tur pralayan, wani ngambah ing wengi lan kendel, wani mati. Dhemen weweh, loma maring sapadha-padha. Alane yen nandhang miskin, sring climut gelem njupuk barange tangga.
- 11 Kurang panarima ing titah, akeh pangarahe, kasmaran mring kasinggihan, (dhemen kaluهران), lananga wadona gambang golek sandhang pangan, sring kelangan, tetepunge kurang manis.
- 12 Lanyah pamicarane, gungage kepati-pati, nanging atine becik, rukun runtut mring sadulure, yen nepsu ala, betah melek tinggal kalbu (melek tanpa keperluan), yen nyudagar wateke taberi dagang.
- 13 Sabarang pagaweyan bisa, sedhela bae banjur pinter, apa maneh yen diwulang banget anggone ngemen-emenake, cacahé rada sungkanan lan ora sugih, nanging lembah manah.
- 14 Gejarah bisa mrentah marang wong, keras tatas atine, cukup pambudine. Ora kurang sandhang pangan, akeh mitrane kang padha asih, cacade sring padu bab tatakrama lan akrama.
- 15 Sedhep marang silakrama, sugih, juweh, sabarang cinipta ora luput mesthi dadi, yen bukti (mamangan) ora kena pinalangan.
- 16 Meneng nanging cugetan aten, yen nyambutgawe sring niwasi, kerep dipaeka wong, tan kena pinandhan ing sapadha-padha.



17 Kaduk wani kurang duduga, yen dinulu padune sembranan, yen tukaran diwaneni banjur ngalah. (Noeradya, 2005: 67)

Saka rong primbon mau, bisa didudut yen bayi lair kang duwe neptu 18, diarani duwe laku geni gedhe. Wateke yaiku wonge panas, clathune ukur menga, padune wong jireh, sembrana, yen padu senengane ngalah. Bayi kang duwe neptu 17, diarani laku bumi, wateke yaiku meneng, bisa gawe bebaya, lan sering mrentah wong liya.

NPJ lanPBA nduweni *afirmasi* (panampa) amarga isine ngenani wateke manungsa miturut neptu padha, nanging PBA luwih cetha, amarga sajroning NPJ isine mung lakune wae lan ora ana sipate manungsa kang luwih mligi.

Petungan lair wateke manungsa sajrone NPJ uga ana kang miturut mangsa. Mangsa Jawa ana 12, bayi kang lair ing saben mangsa nduweni ciri watek kang beda-beda. Wateke manungsa kaya mangkene.

*“Ing ngandhap puniki candrane bayi lahir, watake mongsa nuju mong pira bayi lahir iki*

<i>Kepitu</i>	<i>wateke cengkeling ati</i>
<i>Kewolo</i>	<i>madya sedheng palahe</i>
<i>Kesonga</i>	<i>wateke berabab bicara</i>
<i>Sedasa</i>	<i>wateke ceguk kara ranata</i>
<i>Kedestha</i>	<i>wateke wong selimut</i>
<i>Kesada</i>	<i>sedheng palah ing budine</i>
<i>Kerkasa</i>	<i>wong ngiku welasan maring</i>
<i>Karo</i>	<i>wateke wong cerobo</i>
<i>Katelu</i>	<i>wateke dadi wong kumet</i>
<i>Kepat</i>	<i>wateke wong resikan</i>
<i>Kalima</i>	<i>dadine wong juwo</i>
<i>Keneme</i>	<i>wateke wong lantip ati</i>

**(Jaelani kaca 48)**

Wong kang lair ing mangsa kasa, wateke welasan marang wong liya. Mangsa kasadha, wateke wong mangsa kasadha sedheng palah ing budine, tegese yaiku nduweni budi kang becik, pratitis samubarang pikire resik (Tanojo, 44). Mangsa destha nduweni watek cingeng pikire lan mripate ala.

Sajroning PBA uga ana petungan kaya mau, petungan wateke manungsa miturut mangsa kaya mangkene

*“Wateking bayi miturut mangsa nalika lahir.*

*Yen lahire ing mangsa kasa, wateke tengah-tengah. Karo, wateke crobo, Katelu, wateke cetil. Kapat, wa teke resikan. Kalima, wateke juweh. Kanem, wateke pinter sabarang gawe. Kapitu, wateke cengkiling. Kawolu, watake blaba. Kasanga, wateke rusuh calathune. Kasepuluh, wateke cugetan aten. Dhesta, wateke seneng laku salah. Sada, wateke welas asih (Noeradya, 2005: 66).*

NPJlanPBA ngenani wateke manungsa miturut mangsa, ana kang padha utawa kasebut *afirmasi* lan ana kang beda utawa kasebut *negasi*. Pambedane ana loro, yaiku bayi lair ing mangsa sedasa lan mangsa kekasa.

Wateke manungsa ing mangsa sedasa sajroning NPJ, wateke ceguk laran, nanging yen ing Primbon Betaljemur Adammakna wateke yaiku wateke cugetan aten. NPJ ngandharake yen ing mangsa kekasa, wateke bayi yaiku wong welasan, nanging yen ing PBA wateke tengah-tengah.

Sajroning *intertekstualitas* NPJ klawan PBA kang ngenani petungan manungsa miturut mangsa, panliten nduweni pamawas yen NPJ luwih cetha tinimbang PBA, amarga sajroning PBA wateke manungsa ing mangsa kasa yaiku tengah-tengah. Watek kasebut ora cetha kang kaya apa.

**Petungan Rabi**

Petungan rabi sajroning NPJ ana rong cara, yaiku ngitung kanthi cara pitungan Pancasuda pitungan kanthi cara nggabungake jeneng calon penganten lanang lan wadon sarta pancasuda kanthi cara ngitung neptune calon penganten lanang lan calon penganten wadon.

. Pancasuda yaiku petungan kanggo mangerteni apik eleke wong lanang lan wadon, banjur dijipuk saka neptune (Noeradya, 1990: 20). Petungan dijupuk saka jeneng ngarep lan mburi saka wong lanang lan wong wadon, banjur dipetung dadi siji. Petungane ana 20 miturut petungan hanacaraka. Neptune ha=6, na= 3, ca= 3, ra= 3, ka= 3, da= 6, ta=3, sa= 3, wa= 4, la= 5, pa= 1, dha= 4, ja= 3, ya= 8, nya= 2, ma= 5, ga= 1, ba= 2, tha= 4, nga= 2. Pitungane kaya mangkene

*Puniki perditine tyang palakrama “itungan panca suda” pamisetnya milih mundhuta sirah buntut saking netune hanacaraka puniki angsal pinten kathahe netu lajeng kahitung ing wingking puniki.*

1. Ha	6
2. Na	3
3. Ca	3
4. Ra	3
5. Ka	3
6. Da	6
7. Ta	3
8. Sa	3
9. Wa	4
10. La	5
11. Pa	1
12. Dha	4
13. Ja	3
14. Ya	8
15. Nya	2
16. Ma	5
17. Ga	1
18. Ba	2
19. Tha	4
20. Nga	2

1. Uwit	<i>tetep atine</i>
2. Godhong	<i>seger dadine wong</i>
3. Pangpang	<i>dipuri wong barange</i>
4. Kliyang	<i>rebah tangi sakite</i>
5. Ngakking	<i>kemlaratan dadine</i>

1. *Tunggak tan bisa semi ngelamate*
2. *Lambung gumuling lamate barosya*
3. *Pisang punggol baten tulus palakrama*
4. *Sanggar ringin kembar dadi pangngungsen*
5. *Sumur sinaba ngamcek cukup sandhang pangane*
6. *Satriya lelaku dadi kangelan*
7. *Pandhita muntel dadi sewangan.*

**(Jaelani Kaca 33-34)**

Tunggak tan bisa semi ngelamate tegese yaiku becik atine, nanging rejekine satitik. Pisang punggol baten tulus palakrama tegese yaiku yen duwe anak 1, yen lanang bapake kang kalah, nanging yen wadon, ibune kang kalah. Sanggar ringin kembar dadi pangngungsen tegese yaiku wong kasebut uripe ayem sarta wilujeng salawase.

Suwarni (2005: 49) ngandharake tegese lambung gumuling yaiku wong kang palakrama nduweni sipat boros. Sumur sinaba nduweni makna yen sajroning palakrama, wateke wong kasebut sugih pawong sanak lan atut runtut (Tanoyo, 44). Satriya lelaku nduweni sipat kangelan. penggaweyan kang cocok kanggo satriya lelaku yaiku dagang. Pandhita muntel nduweni makna yen sajroning palakrama bakal dadi sawangane wong liya amarga uripe seneng lan selamat.

Tuladhane petungan mau, nalika ana calon penganten lanang jenenge Supriyadi lan calon penganten wadon Sulistiyawati. Jenenge wong lanang kang ngarep yaiku Su lan pungkasan jenenge Di. Su nduweni neptu 1 Di nduweni neptu 6, yen digunggung dadi 7. Calon wadon jeneng ngarepe Su neptune 1 kang pungkasan ti, nduweni neptu 3. Neptune dadi 4. Gunggungne neptu calon penganten lanang lan wadon ana 7 lan 4. gunggungne dadi 11. 11 diperang 5, turahe ana 1. Turah 1 diarani uwit, tegese yaiku tetep atine.

Saliyane pitungan mau, NPJ uga nuduhake yen pitungan rabi bisa kapitung gunggungne neptu banjur diperang dadi 6, yen turah 1, kemanten senengane padu, turah 2, wonge padha alane, jero sinarraja becik yaiku wonge becik, yen turah papat, sanggar ringin keringan tegese seneng, bisa kanggo panggonan ngayup. Kemanten kekarone sering lara yen neptune turah 5. Pungkasan turah 6, kemanten sering kepaten.

Tuladhane, Wati rabi karo Iwan. Wati lair ing dina Jumuah Legi. Jumuah= 6, Legi= 5, gunggungne 11. Iwan lair ing dina Kemis Pon. Kemis gunggung neptune ana 8, Pon ana 7. Gunggungne dadi 15. gunggung neptune Wati lan Iwan dipetung banjur diperang dadi 6.  $11+15=26$ ;  $6=4$  turah 2 lan diarani “kala tinantang”, tegese yaiku salah sijine ana kang kalah (Tanojo, 70)

*Ing ngandhap punniki katranganne netu “lahhire tyang kalih” panggih pinten kathahe. Ngange dipun patong 6 X 6 pinten karrine “lajeng kahhitung”*

1. *Sangu padu wonge*
2. *Kala tinantang ala*
3. *Jero sinarroja becik*
4. *Sanggar ringin keringan*
5. *Macan ketawang sakitan*
6. *Repot sangu pati. (Jaelani Kaca 49)*

Wong bebojowan netune diperang lan bisa ketemu 1, bale wismane asring padu siji klawan sijine. Tanojo, (70) ngandharake yen kala tinantang ala tegese salah sijine ana kang kalah. Jero sinarraja becik tegese ing bale wismane becik, wilujeng, lan akeh rejeki. Sanggar ringin keringan tegese yaiku wong kang mbangun bale wisma ayem. Macan ketawang sakitan tegese yaiku kangelan lan asring sakit. Repot sangu pati yaiku salah sijine ana kang mati dhisik.

Sajroning PBA petungan kanggo wong rabi kaya mangkene

*“Miturut aksara jenenge penganten lanang wadon, mung kajupuk aksarane kang ngarep dhewe. Neptune aksara ksgunggung kabage 5, turah pira.*

*Yen turah:*

1. *Sri, slamet lumintu rijekine*
2. *Lungguh, duwe pangkat*
3. *Gedhonnng, sugih*
4. *Lara, kangelan*
5. *Pati, sangsara utawa karep kepaten.*

*Neptune aksara: a 1, n 2, c 3, r 4, k 5, f 6, t 7, s 8, w 9, l 10, p 11, d 12, j 13, y 14, v 15, m 16, g 17, b 18, q 19, z 20 (Noearadya, 2005: 15).*

Saliyane petungan mau, uga ana petungan ngenani wong palakrama, nanging cara ngitunge beda. Petungane kaya mangkene.

*Wetone penganten lanang wadon neptune kagunggung banjur kabage 10 utawa 7, turahe ora kena luwih saka 7. Manawa kabage 10 turahe luwih saka 7, iku banjur kabage 7, angka turahe nuduhake katemuning petungan.*

*Yen turah*

1. *wasesasegara, kamot, jembar budine, sugih pangapura gedhe prabawane.*
2. *Tunggaksemi, cepak rijekine*
3. *Satriya wibawa, oleh kamulyan lan kaluhuran.*
4. *Sumursinaba, dadi pangngungsening kapinteran.*
5. *Satriyawirang, nandhang dukacita, kawirangan, isarat panulake*  
*ngetokake getih, umpamane mbeleh ayam.*
6. *Bumikapetak, petengan aten, nanging taberi ing gawe, kuat nandhang lara*  
*lapa, resikan, isarat panulake mendhem, lemah.*
7. *Lebu katiup angin, nandang papa cintraka, kabeh kerepe ora dadi, kerep*  
*ngalih omah, isarat panulake ngabul-abul lemah (Noearadya, 2005: 15).*

Saka rong primbon mau, bisa kawedhar yen pitungan ing NPJ lan PBA duwe negasi yaiku pitungan wong rabi yen kanthi cara ngitung wetone kemanten lanang lan wadon, yen turah 1, ing NPJ diarani tunggak tan bisa semi, nanging ing PBA diarani wasesa segara. Tunggak tan bisa semi lan wasesa segara nduweni makna kang beda. Tunggak tan bisa semi tegese selamat lan cepak rejekine, nanging yen wasesa segar tegese yaiku sugih lan jembar pangapurane.



Saliyane *negasi* mau, uga ana kang nuduhake *negasi* liyane. Sajroning petungan kalorone primbon mau, yen turah 2, ing *NPJ* Lumbung gumuling, nanging sajroning *PBA* diarani tunggaksemi. Lumbung gumiling tegese yaiku wong bebojowan uripe boros, yen tunggak semi ateges sugih lan jembar pangapurane.

Neptune calon kemanten lanang lan wadon digunggung banjur diperang pitu utawa sepuluh yen turah 3, diarani pisang punggol, nanging ing *Primbon Betaljemur Adammakna* Satriya wibawa. Saka rong panemu mau tegese beda. Pisang punggol tegese bakal pisah lan sajroning bale wisma ora bisa tahan suwe (Warni, 2005, 49), nanging yen satriya wibawa tegese yaiku oleh kemukten lan kawibawan (Tanoyo, 11).

Tetembungan sajroning *NPJ* diarani sanggar ringin ing, nanging ing *PBA* diarani bumi kapetak. Sanggar ringin nduweni teges bisa digawe panggonan kanggo ngiyup, seneng, lan kebutuwane saben dina cukup (Suwarni, 2005: 49), nanging yen bumi kapetak tegese yaiku becik atine, nanging petengan ati (Tanoyo, 11).

Pitungan sajroning *NPJ* klawan *PBA* yen turah 7, sajroning *NPJ* diarani lebu katiup angin, nanging ing *PBA* diarani pandhita mukti. Lebu katiup angin tegese yaiku kerep susah, mawut rusak, lan asor derajate (Tanoyo, 10), nanging yen pandhita mukti tegese ayem, tentrem, lan slamet (Noeradya, 2005: 15).

### Pethek

Pethek yaiku mbadhe (Bausastra, 2009: 552). Pethek mujudake salah sijine sajroning primbon. Pethek uga dadi budaya wong jawa kang isih digunakake nganti saiki. Pethek sajroning *NPJ* ana kang ngenani barang, wateke manungsa, nandur pari, wong lara, lan pati. Andharane kaya mangkene.

### Barang

Sajroning *NPJ* ana pethek ngenani barang. Barang kang wis dijupuk wong bisa ketemu lan bisa uga ilang, kabeh mau gumantung dinane. Pethek kanggo mangerteni yen barang kang ilang bisa ketemu utawa ilang, bisa kapitung saka neptune. Barang kang ilang nalika dijupuk wong, uga bisa dimangerteni yen wong kang jupuk lanang utawa wadon. Petheke kaya mangkene.

#### a. Ilang/ ketemu

*“Lamun sira ngawruhi barang ilang “dina iku pira netune” dina sak pasarane lajeng kapitung tiga kados ing ngandhap puniki “kari”*

1. Ilang
2. Ketemu
3. Ilang

#### (Jaelani Kaca 46)

Barang kang ilang sajroning *NPJ* bisa ketemu nalika neptune dina diperang dadi telu lan isih turah 2. Barang kang ilang ora ketemu nalika neptune dina diperang dadi telu, nduweni turah 1 utawa 3. Tuladhane Amir kelangan sepedha nalika dina Rebo Wage. Rebo neptune 7, Wage neptune 4 gunggung dadi 11. Sawise digunggung, neptu mau diperang dadi 3 turah 2. Sajroning *NPJ*, yen turah 2, nuduhake barang bisa ketemu.

Sajroning *PBA* uga ana pitungan ngenani barang ilang kang ketemu apa ora. Barang bisa ketemu yen neptune dina turah 2, nanging barang kang ilang lan ora bisa ketemu yen pitungane turah 1 lan 3. Pitungane kaya mangkene

*“Barang ilang ketemu lan orane*

*Gunggung neptune dina lan pasaran nalika kelangan kapara 3, turah pira.*

*yen turah 1 Barang ora ketemu, 2 Barang bisa ketemu, 3 Barang ora ketemu, nanging wong kang nyolong nuli lara (Noeradya, 2005: 209).*

Saka andharan rong primbon mau, didudut yen nduweni *afirmasi*. *Afirmasine NPJ* klawan *PBA* yaiku yen pitungan wong nyolong ketemu 1 lan 2. Ketemu 1 ing primbon kalorone padha-padha ilang lan petungan ketemu nalika petungane turah 2. Barang bakale ilang yen turah 3, saliyané iku wong kang nyolong bakal lara.

#### b. Wong kang Nyolong

*“Lamun sira arsa ngawruhi lanang wadone ugi kados ing ngingil punika “kapetung tiga tiga” lamun kari siji lanang*

1. Lannang
2. Wadon
3. Lanang

#### (Jaelani Kaca 46)

Barang kang ilang bisa dimngerteni wong kang nyolong lanang utawa wadon yen dideleng saka neptune banjur diperang dadi telu. Neptu yen dipetung lan diperang dadi 3 turah 1 lan 3, wong kang nyolong lanang. Wong kang nyolong wadon, neptune turah 2. Tuladhane: Siti kelangan komputer ing dina Ahad Kliwon. Ahad neptune 5, Kliwon neptune 8. Gunggung neptune 13, yen diperang dadi telu turah siji. Wong kang nyolong yaiku lanang.

*“Lanang utawa wadon kang nyolong gunggung neptune dina lan*

*pasaran nalika kelangan kapara 3, turah pira. Yen turah*

1. Kang nyolong lanang
2. Kang nyolong wong wadon
3. Kang nyolong samar, (bisa wadon, bisa lanang)

#### (Noeradya, 2005: 209)

Sajroning *PBA* wong kang nyolong bisa diitung kanthi cara neptune dina lan pasaran barang kang ilang digunggung, banjur diperang 3. Yen turah 1, wong kang nyolong lanang, yen turah 2, wong kang nyolong wadon, lan pungkasan yen turah 3, kang nyolong bisa lanang bisa uga wadon.

Saka andharan mau, bisa kawedhar yen sajroning *NPJ* lan *PBA* nduweni isi kang padha (*afirmasi*), nanging uga ana saperangan kang beda (*negasi*). Perangan kang padha yaiku padha-padha ngitung barang kang ilang, cara ngitunge uga kanthi cara kang padha yaiku gunggung neptu dina lan pasaran diperang 3, nanging pambedane yaiku yen barang kang ilang dipetung lan turah 3, sajroning *NPJ* barange wis mesthi ilang, nanging sajroning *PBA* barang kasebut bisa ilang lan bisa ketemu.



### Wateke Manungsa

Wateke manungsa saliyané gumantung saka neptu, bisa uga gumantung saka wuku. Wuku cacahé ana 30. Saben wuku nduweni umur 7 dina. Macem-macemé wuku yaiku sita, landep, wukir, kurantil, tolu, gumbreg, warigalit, warigagung, julungwangi, sungsang, galungan, kuningan, langkir, kulawu, wuye, lan sapiturute (Noeradya, 1990: 51).

Sajrone *NPJ*, wateke manungsa miturut wuku amung ana 2 yaiku wuku kulawu lan wuye. Wuku kulawu mujudake wuku kang nomer 28, wuku wuye mujudake wuku kang nomer 22. Saben wuku nduweni watek kang beda-beda. Wuku sajroning *NPJ* yaiku

#### 1) Wuku

a. *Jemuwah Legi bayi lahir wuku klawu ingkang tampi. Dewane Yang Bethara Cakra. Kayune siwalan wateke wong dawa umure mandukane yam alas ajuweh pangusap pira gedhonge neng pinggir marga. Amruhna kening sugiye karepe kaya pandhita. Gelyam daleh lumokeneng yen deduwe gedhe pyangkuhe wuku klawu lamduh dhedhal walyar wateke wong belancer sarta mangku dhuwur ligan. Wong ngiku landhep atine. Kalane kala ula. Sakite ana ing weteng lawan duwe lara geger ruwate sega byar panggang ayam wago abang bubur abang. Pasung janur wajik beset tali ulur, yen nare desundre wati wateke dadi nakal atine. (Jaelani Kaca 67)*

Wateke bayi yen lair ing dina Jemuwah Legi lan tiba ing wuku klawu nduweni watek kaya Pandhita. Dewane Hyang Bethara Cakra. Sajroning *NPJ*, bayi yen nduweni wuku klawu, dheweke bakal dadi wong sugih lan pinter kaya pandhita. Wongé uga landhep atine lan bisa mangku dhuwur ligan. Wong kang nduweni wuku klawu larane yaiku lara weteng lan lara geger. Ruwate yaiku sega byar lan panggang ayam sarta bubur abang.

b. *Setu Wage bayi lahir wuku wuye ingkang tampi Yang Eka wara ing Dewane. Langkung prayitna wateke kayune kayu dara landuke landuk tiwar. Pan ageng butane rep pan atine dipasang sang bahe. Gedhong lahir Ngisa. Wiyose sadheras kang dudan. Datan kurang sandhang lan pangan, sarta mangku dhuwur ligan. Watek wong landhep atine. Ana dene srantahane adhen ngarepanan buri. Wiyose getih punika pana wong kukus Pendhawa. Wateke datan kena kesaru bapa. Cipta kolire yen melarat aglis sinahuran maring Dewane sakite ngelu linu. Ruwate sega galong jajan pasar lan wawohan. Wajik baset tali sumur. Pasrahna maring guru dadi rahayu. (Jaelani Kaca 68)*

Bayi lair ing dina Setu Wage nduweni wuku wuye. Wuku wuye nduweni watek kaya kayune kayu dara. Bayi wuku wuye kurang sandhang pangane sarta bisa mangku dhuwur ligan. Sakite kang diduweni yaiku sakit ngelu. Wong wuku wuye yen duwe utang glis sinahuran dening Dewa. Ruwat kanggo wuku wuye yaiku

sega galong, jajan pasar, lan wawohan. Sidhekahe kasebut dipasrahna marang gurune supaya bisa dadi rahayu.

Wateke bayi miturut wuku, sajroning *PBA* ora ditemokake, mula panliten bisa nduweni pamawas yen *NPJ* sajroning ngandharake petheke manungsa miturut wuku nduweni *negasi*.

### Nandur pari

Nandur pari mujudake salah sijiné pakaryan bebrayan Jawa kang digunakake kanggo nyukupi panguripan saben dinane. Wong Jawa yen nandur pari nggunakake adat kang isih ana, kayata adat dina kanggo nandur, sidekah kang arep disuguhake, lan mantra kang isih dipercaya supaya parine bisa panen kanthi apik.

Adat kang ana ing bebrayan Jawa yen arep nandur pari ana ing *NPJ*. Isine kang ana gegayutane karo nandur pari, unine kaya mangkene

*“Sampun telas seratipun ingkang nyaritakaken kidung. Punika pertingkahipun tidha sasawah, utawa gaga. Lamun alip, wiwitan maluku ing dina jumuah. Sarta den wiwitan ing tengahe sawah, utawa ing tengahe gaga, nyatur kulawan dheberber ing dina Jumuwah, mongka sidekahhe liwet muwuk, pecel gayam, dongane ruwah. Yen anelir tambane jeruk gulung. Den selo ing tulakkan (Jaelani Kaca 26).*

*Lamun tahun ehe awiwitane maluku ing dina Rebo, awita Lor Wetan, tan titemu gelang. Dhen nyebar utawa tandur wiwitan ing dina Rebo. Mongka sidekahhe sega buwet, lawuhe endhog, koralan sambel cabe. Lan wohan menir; mongka larane sundep, tambane gedhang wutu, lan pelething kejarad (Jaelani Kaca 27).*

Para tani kudu nduweni dina kanggo nggarap sawah lan tetanem, supaya ngasilake pari kang apik lan akeh. Dina kanggo nandur pari uga gumantung saka tahuné. Nalika tahun alip, maluku diwiwiti ing dina jemuwah. Tahun alip yaiku tahun kang wiwitan dinane tiba Rebo Wage. Nggarap sawah yen tiba tahun alip, wiwitan nggarape ing tengah sawah utawa ing tengah gaga mengko sidhekahe yaiku pecel ayam, dongane ruwah. Sabanjure tiba tahun ehe. Tahun ehe yaiku tahun kang diwiwiti ing dina Ahad Pon, yen tahun Ehe, para tani kudu tandur ing dina Rebo. Wiwitan tandure saka Lor Wetan. Sedhekahe mengko sega buwet, lawuhe endhog, lan koralan sambel.

*NPJ* uga njlentrehake nggarap sawah kang tiba tahun jimawal, tahun je, tahun dal, tahun be, tahun wawu, lan tahun jimakhir. Saben tahun, kanggo nggarap sawah diwiwiti saka dina kang beda-beda lan uga sidhekahe uga beda. Isine kanggo nggarap sawah kaya mangkene

*Lamun tahun Jimawal, wiwitan maluku ing dina Kemis, awita Kidul Kulon, wekasane Lor Kulon, lamun sebar utawa tandur ing dina Kemis, sidekahe sega wuluk, iwake manuk, dongane kunut, tambane gedhang saba, den cacah ing tulaka, mongka japane awit dewi ora saba, awit saba ora den saba saba.*

*Lamun tahun je wiwitan maluku ing dina Jumuwah, awita lor kulon wekasane tengah benere sawah, sidekahe sega liwet, lan pecel ayam, dungane dungane istiparping walu. Larane celeng seranane jagung, lan buchette sega wadhang. Binakar lan tasiha sing pinendhem ing tulakkan, mongka japane mandhek guling. Tunggune sega rawe dang, satu mara satu mati, ngleburuwih ujarre rajah iman.*

*Lamun tahun dal wiwitana maluku ing dina Rebo. Awitta Kidul Kulon. Wekasane wetan bener. Sidekahe sega liwet, iwakke iwak loh, dungane apina. Larane lodho, tambane taine budheng, den pendhem ing tulakkan (Jaelani Kaca 28-29).*

Tahun Jimawal wiwitan maluku tiba ing dina Kemis. Nggarape diwiwiti saka dina Kemis. Saliyane iku, kanggo nyebar wiji diwiwiti saka arah kidul kulon, pungkasane ing arah lor kulon. Nalika tandur, diwiwiti ing dina Kemis. Sedhekahe yaiku sega wululk, iwake manut. Donga kang digunakake yaiku donga kunut. Nalika parine kena penyakit, ditambahi karo gedhang saba.

Wiwitan maluku ing dina Jemuah lan diwiwiti saka Lor Kulon lan wekasane ing tengah bener. Iku kanggo nggarap pari yen tiba tahhun je. Sedhekahe yaiku sega liwet lan pecel ayam. Dongane kanggo nandur pari ing tahun je yaiku nggunakake donga istigfar ping wolu. Penyakit ing tahun je yaiku celeng.

Sajroning NPJ para tani yen arep tetanem ing tahun dal wiwitan maluku kudu ing dina Rebo. Diwiwiti saka kidul kulon lan wekasane ana ing Wetan bener. Sedhekahe yaiku sega liwet lan iwak loh. Dunga kang digunakake yaiku donga apina. Penyakit kang bakal nyerang tanduran yaiku penyakit lodho. Penyakit kasebut bisa ditambahi taine budheng.

*Lamun tahun Be wiwitane maluku ing dina Rebo. Awitane Kulon bener. Sidekahe sega liwet. Iwakke endhog, lan kukuluppan dungane kunut, mongka larane walang, tambane nglenga. nuliden banting ing tulakan. Lamun tahun wahu, wiwitan maluku ing dina Jumuah, awitta Kidul Kulon, sidekahe sega liwet, iwake loh, dongane ruwah, larane putih, tambane degan, den sok ing tulakan.*

*Lamun tahun jimakir wiwitana maluku ing dina Kemis, awitta Kidul Wetan wekasane tengah bener. Sidekahe sega liwet wuduk. Larane tikus, tambane paku wajan pengaji sethong aja anjaluk ambuh. Atu bilahe mongka den taleni lawe wena. Ubet ping telu, saradde bunar, den salo ing tulakan (Jaelani Kaca 29-30).*

Tahun Be wiwitan maluku ing dina Rebo. Maluku diwiwiti saka Kulon bener. Sedhekahe yaiku sega liwet. Iwak kang dienggo sedhekah yaiku iwak endhog lan nganggo kulupan. Dongane nggunakake donga kunut. Lara ing tahun be yaiku kena lara walang. Tambane yaiku nglenga lan nulit banting ing tulakan.

Tahun wawu tibane ing dina Senen Kliwon. Nalika para tani arep nanem pari ing tahun wawu, kudu

diwiwiti ing dina jumuah. Wiwitane ing kidul kulon. Sidhekahe yaiku sega liwet. Iwakke yaiku iwak loh. Dongane yaiku donga ruwah. Penyakit pari ing tahun Wawu yaiku penyakit putih. Sanadjan kena penyakit putih, ana tamba kanggo nambani wohane. Tambane yaiku degan.

Saliyane tahun Be lan Wawu, kanggo nanem pari uga ana ing tahun Wawu. Tahun Jimakhir yen dienggo tetanem, diwiwiti saka dina Kemis. Malukune saka Kidul Wetan lan wekasane ing tengah bener. Sedhekahe nalika ing tahun Wawu yaiku sega liwet. Penyakit kang ana ing tahun Wawu yaiku kena tikus.

Sajroning PBA, panliten ora nemokake pethek ngenani wong nandur pari miturut tahune. Mula, pethek nandur pari miturut tahune kalenu *negasi*.

### Pati

Patine manungsa amung Gusti kang mangerteni, nanging kadhang kala manungsa bisa ngronce wayah bayi lair lan wong kang arep mati. Wong kang lair lan mati bisa dimangerteni saka dinane. Nalika ana salah sawijining wong arep ngelairake bayi utawa arep nuju patine, bisa dideleng saka dinane.

Sajroning NPJ, wong kang lair utawa mati ing dina Ahad, iku ana jam 6, 7, 11, 1, lan 5.

### Pal wong ajal

*Akad, wayahe jam 9, 7, 11, 1, utawa 5*

*Senen, wayahe jam 8, 10, 1, 3, utawa 5*

*Selasa, wayahe jam 7, 10, 12, 2, utawa 5*

*Rebo, wayahe jam 7, 9, 11, 2, utawa 4*

*Kemis, wayahe jam 8, 11, 1, 3 utawa 4*

*Jumuah, wayahe jam 8, 10, 12, 3 utawa 4*

*Setu, wayahe ja 7, 9, 12, 2, utawa 4*

### (Noearadya, 2005: 230)

Sajroning NPJlanPBA, ana pethek kang beda nalika dina Ahad lan Rebo. Wong kang arep mati dina Ahad, ing NPJ manjing jam 6, 7, 11, 1, lan 5, nanging sajroning PBA, manjing jam 9, 7, 11, 1, lan 5. Saliyane iku, pambada utawa *negasi* sajroning rong primbon mau, ngenani patine manungsa ana ing dina Rebo. NPJ ngandharake yen wong mati dina Rebo, matine jam 7, 9, 11, 3, 4, nanging ing Betaljemur Adammakna jam 7, 9, 11, 2, 4.

### Japa mantra

Mantra yaiku dedonga utawa tetembungan kang dienggo njapani, Bausastra (2000: 458). Mantra sajroning NPJ mujudake salah sijine kidung kang diprecaya bebrayan yen bisakanggo nambani wong lara. Mantrane arupa tembang dhandhang gula lan kinanthi. Mantra kasebut bisa diarani kidung. Mantra ing dhandhang gula kanggo nambani wong lara lan mantra ing kinanthi kanggo nambani bayi sawane.

### Nambani Wong Lara

Sajroning NPJ, mantra kanggo nambani wong lara arupa tembang dhandhang gula. Mantra kasebut mirip karo mantrane sunan kalijaga. Chodim (2011: 16)



ngandharake sunan kalijaga ngronce dedonga-dedonga ing basa Jawa. Dedongane arupa kidung “Rumeksa ing Wengi”. Kidung kasebut diarani “Mantra Wedha”.

Unine kaya mangkene

#### **Dhandhang Gula**

*Wonten kedungrumeksa ing wengi  
teguh rahayu luput ing lara  
luputa nyila ika nyohe  
jim setan tan nana purun  
paniluhhan tan nana wani  
miwah wong penggawe ala  
gunane wong luput  
geni ageng emah tirta  
maling adoh angrahi pan padha wedi  
tujuku nama sirna*

#### **(Jaelani Kaca 15)**

Ana kidung rumeksa ing wengi. Kidung kasebut bisa ngedohake saka lara. Lara kang bisa ditambahi nanggo kidung kasebut yaiku lara amarga kena setan, santet, lan wong kang arep nggawe ala marang kita. Saliyane iku, kidung kasebut uga bisa nyingkirake maling sarta bebaya bisa ilang.

Pada kaloro mantrane uga ngenani memuleh penyakit. Unine kaya mangkene

*Sekehe lara samiya ngalih  
sekehe mapan sami miruda  
melas asih pandulune  
sekathahe ja luput  
kadya kapuk tibaning wesi  
sagunge wisa tawa  
satu nalak tutuk  
kayu angker lemah sangar  
songe landhak guwane wong lemah miring  
kadya pakipon merak*

#### **(Jaelani Kaca 16)**

Akehe penyakit padhaa ngalih, penyakit kang arep teka uga dimantrani supaya ndang minggat lan bali menyang asale. Kabeh padha manut marang wong kang maca mantra kasebut. Kayu angker, lemah sangar, lan nganti guwane wong lemah miring. Sakabehe racun bisa dadi tawar amarga kena mantra kasebut.

Sajroning *PBA* ora ditemokake kidung kang kaya mangkono. Tembang Dhandhanggula sajroning *PBA* isine ngenani *sufisme* kang ana gegayutane karo keblat papat lima pancer. Unine kaya mangkene.

#### **Dhandhanggula**

*Ana kidung akadang premati  
Among tuwuh ing kawastanira  
Nganakaken saciptane  
Kakang kawah puniku  
Kang rumeksa ing awak mami  
Anekakaken sedya  
Pan kawusananipun  
Adhi ira-ira ika  
Kang mayungi ing laku kuwasaneki*

*Ngenakaken pangerah*

*Ponang getih ing rahina wengi  
Angrowahi Allah kang kuwasa  
Andadekaken karsane  
Puser kuwasanipun  
Nguyu-uyu sembawa mami  
Nuruti ing panendha  
Kuwasanireku  
Jangkep kadangingsun papat  
Kalimane pancer wus sawiji  
Nunggal sawujud ingwang  
(Noearadya, 2005: 44)*

*NPJ* klawan *PBA* isi dhandhanggulane beda, sajroning *NPJ* ngenani japa mantra kang dijupuk saka tembange sunann Kali Jaga, nanging yen Dhandhanggula ing *PBA* dudu ngenani japa mantra nanging ngenani kiblat papat lima pancer. Mula, dhandhanggula sajroning *NPJ* klawan *PBA* nduweni *negasi*.

#### **Nambani Bocah Sawanen**

Sawanen mujudake salah sijine penyakite bocah cilik. Bocah yen kena sawanen saben dina nangis lan kudu ditambahi. Sajroning *NPJ* yen ana bocah kena sawan, kudu dijapani supaya enggal waras. Mantrane arupa tembang Kinanthi. Unine kaya mangkene

**KINANTHI**

*Sah punniku pujinepun  
Alahuma hadam sarwin  
Kul uwallahhu alah  
wasabikul walilahi  
wasabikul kabatwolah  
cep menenga aja nangis*

#### **(Jaelani Kaca 25)**

Tembang Kinanthi mau mujudake tembang kang ana mantra kanggo bocah sawanen. Mantrane arupa basa Arab. Unine “*Alahuma hadam sarwin, Kul uwallahhu alah, Wasabikul walilahi, Wasabikul kabatwolah*”. Carane kanggo nambani bocah diwacakna mantrane, banjur diidoni ping telu.

Tembang Kinanthi sajroning *NPJ* unine kaya mangkene

**KINANTHI**

1. *Ana kidung kang winuwus  
lamun nana lare nagis  
puniki sira wacaken  
tetembangan ing Kinanthi  
mengkono unine tembang  
pan dadi suwuke bayi*
2. *Ana Gandrung nangis mabur  
amaca selawardi  
yen nana lare amonthah  
Si Gandrung teka marani  
nyuwuki lelara nira  
tumukul sarwi ngidoni*



- |   |   |
|---|---|
| <p>3. Pitik tulak pitik trukung<br/>tetulake jabang bayi<br/>ngidohna dasi cacing racek<br/>sarap sawan padha mati<br/>Si trukung mekukung ing ngarsi<br/>tinulak balik ing Margi.</p> <p>4. Lan nana bayi puniku<br/>kekasih ira Yang Widi<br/>rineksa ing Malahekat<br/>den neman ing Widadari<br/>pinayungan ing Yang Nabi<br/>kinebutan Widadari</p> <p>1. Sah puniku pujinepun<br/>Alahuma hadam sarwin<br/>Kul uwalahu Alah<br/>wasabikul walilahi<br/>wasabikul kabatwolah<br/>cep menenga aja nangis</p> <p>2. Sekathahe wali kahum<br/>Ngulama lan para mukmin<br/>samy tunggu dhateng jabang<br/>malah ilang ingkang sakit<br/>sirna laranne ki jabang<br/>wela sang lujeng ki bayi</p> <p>7. Sun kudangen anak ingsun<br/>yen kaya ahiman puji<br/>gadhongan iman sekawan<br/>perdawa iman suwengi<br/>kembange iman tawekal<br/>woh ira puji lan dhikir</p> <p>8. Yen wus diwasa anak sun<br/>sun kudang abisa ngaji<br/>kitab sitim lawan durat<br/>usullira lawan tapsir<br/>tilawat madhake rekkan<br/>senambi bekti Yang Widi</p> | <p>Si tukung mekukung ngarsi<br/>cacing recek samya ilang<br/>kruma kremi padha mati</p> <p>4. Ana kinjeng tangis mabur<br/>amencok neng sela hardi<br/>miring tangise ki jabang<br/>arsa njuwuk anjampeni<br/>jabang bayi wis menenga<br/>wis menenga<br/>wis turua away nangis</p> <p>5. Sapa mangling-manglong<br/>iku apa sira maling sekti<br/>ing Lor Kidul Kulon Wetan<br/>den kongkon aguna meling<br/>amburu si asu ajag<br/>dipoma den koonsi mati</p> <p>6. Maling aguna sireku<br/>kalawan sibajing kikik<br/>miwah si aji palampang<br/>reksanaen sijabang bayi<br/>mburu jinandha Jantala<br/>lawan sigumarang sapi</p> <p>7. Miwah siceleng demalung<br/>tudhungen dimen angalih<br/>yen wus nora katinggalan<br/>sira balia den aglis<br/>reksanen ingkang santosa<br/>anakingsun jabang bayi</p> <p>8. Sawengi aja turu<br/>dimen adoh kang bilahi<br/>sumingkir ingkang lalara<br/>tan ana wani nyedhaki<br/>mulia away nggegawa<br/>Si jabang amales becik</p> |
|---|---|

(Jaelani Kaca 24-26)

(Noearadya, 2005: 44)

**KINANTHI**

1. Yen nangis lare puniku  
lela-lelanen anuli  
supaya doh kang lalara  
sarap sawane alari  
tan wani anyedhakana  
saking rokhmate Hyang Widi
2. Winacaa puji iku  
setan lumayu nggendring  
sarap sawane anyimpang  
panca baya pan sumingkir  
kala-kalane akelah  
datan wani amarani
3. Pitik tulak pitik trukung  
tetulake jabang bayi  
Si tulak tunggu neng margi

Tabel 4.6: Intertekstualitas Japa Mantra Bocah  
Sawanen

Tabel 4.6: Intertekstualitas Japa Mantra Bocah  
Sawanen

No.	NPJ	PBA
1.	Lamun nana lare nagis (P1. 2)	Yen nangis lare puniku (P1. 1)
2.	Puniki sira wacaken (P1. 3)	Winacaa puji iku (P2. 1)
3.	Pitik tulak pitik trukung (P3. 1)	Pitik tulak pitik trukung (P4. 1)
4.	Tetulake jabang bayi (P3. 2)	Tetulake jabang bayi (P. 2)
5.	Si Trukung	Situkung mekukung ngarsi

	mekukkung ing Ngarsi (P3. 5)	(P3. 4)
6.	Tinulak balik ing margi (P3. 6)	Situlak tunggu neng marga (P3. 3)
7.	Cep menenga aja nangis (P5. 6)	Wis turua away nangis (P4. 7)
8.	Samya tunggu dhateng jabang bayi (P6. 3)	Sawengi aja turu (P9. 1)
9.	Sarap sawan padha mati (P3. 4)	Sarap sawane anyimpang (P2. 3)
10.	Ngidohna dasi caceng racek (P1. 2)	Cacing racek samya ilang (P3. 5)
11.	Ana gandrung nangis mabur (P2. 1)	Ana kinjeng tangis mabur (P4. 1)
12.	Amaca selahardi (P2. 2)	Amencok neng sela hardi (P4. 2)
13.	Sirna larane si jabang bayi (P6. 5)	Sumingkir ingkang lara (P9. 3)
14.	Anyuwuki lelara nira (P1. 2)	Arsa nyuwuk anjampani (P4. 4)
15.	Yen nana lare amonthah (P2. 5)	Miring tangise ki jabang (P4. 3)

*Intertekstualitas* NPJ klawan PBA yaiku nduweni teges kang memper, nanging pambedane ana ing pada lan barise. P nuduhake pada. Pangripta bisa wae ngetrepake guru lagu lan guru wilangan ing pupuh lan baris kang cocok. Tuladhane: sajroning NPJ ing pupuh 1 baris kaloro unine tembang “*Lamun nana lare nagis*” (P1. 2), nanging sajroning PBA katulis ing pupuh 1 baris 1 unine “*Yen nangis lare puniku*” (P 1. 1). Tegese saka rong cuplikan tembang mau, yaiku yen ana bocah nangis.

Dudutan saka andha ran *intertekstualitas* NPJ klawan PBA yaiku ana *afirmasi* lan ana *negasi*. *Afirmasi* sajroning *studi intertekstualitas* ana pitu, yaiku ngennai wateke manungsa miturut neptu, wateke manungsa miturut mangsa, pethek barang kang ilang/ ketemu, wong kang nyolong, paraning durjana, wong lara lan pati.

*Negasi* NPJ klawan PBA ana lima, yaiku ngenani wateke manungsa miturut mangsa, pitungan rabi, petheke wong kang nyolong barang, wong lara lan pati. Saliyane iku, panliten nduweni pamawas yen NPJ mujudake naskah kang luwih amba, amarga sajroning NPJ ana rong perangan kang ngenani wateke manungsa

miturut wuku lan japa mantra kanggo nambani wong lara ora ditemokake ing sajrone PBA.

Japa mantra sajroning NPJ mujudake japa mantra kang dijupuk saka tembang Dhandhanggula. Tembang Dhandhanggula diwedharake dening Sunan Kali Jaga lan diarani kidung “Rumeksa Ing Wengi”. Kidung kasebut ora ana ing PBA.

*Intertekstualitas* ngenani panulisane NPJ klawan PBA bisa dimangerteni saka kelairane pangripta. Miturut Pak Maulana, kang mujudake narasumber, pangripta NPJ yaiku Mbah Jaelani utawa mbah Noer Salam. Panjenengane lair ing taun 1729 lan seda ing taun 1804. Panjenengane kagungan putu asmane Bapak Kusen. Bapak Kusen minangka Bapake Maulana Khusaini lan putune Mbah Jaelani.

Andharan ngenani pangripta NPJ beda klawan andharan ngenani PBA. PBA mujudake primbon kang diterbitake dening penerbit Soemodijoyo Mahadewa. Pangripta kang satemene ora ditemokake ing naskah asline, nanging asale naskah saka Kanjeng Raden Hadipati Danurejo (Noeradya, 2005: 5). Panjenengane patih Kanjeng Sultan Hamengku Buwana VI nganti Sultan Hamengku Buwana VII. Kanjeng Sultan Hamengku Buwana kaping VI lair ing taun 1821 lan seda ing taun 1877 ([Http://id.wikipedia.org/wiki-Hamengkubuwana\\_VI](http://id.wikipedia.org/wiki-Hamengkubuwana_VI), diakses dina Minggu, 13 Juli 2013).

Sultan Hameng Kubuwana VI dadi patih ing taun 1855 nganti taun 1877. Naskah mau, bisa uga katulis sadurunge Hadipati Danurejo sadurunge dadi patih ing Yogyakarta, bisa wae naskah kasebut katulis sadurunge Adipati Danurejo lair. Saka andharan mau, tegese Raden Adipati Danurejo luwih muda tinimbang Sultan Hamengkubuwana VI, amarga panjenengane isih bisa dadi Adipati Hamengkubuwana VII. Naskah kasebut bisa uga ditafsirake yen katulis sadurunge Adipati Danurejo lair. Pramila, kang gawe dadi pathokan anggone ngripta naskah PBA yaiku saka laire Sultan Hamengku Buwana VI, amarga panjenengane luwih tuwa tinimbang Raden Adipati Danurejo.

Saka rong andharan mau, bisa kawedhar yen NPJ luwih dhisik anggone ngripta tinimbang PBA, amarga pangripta NPJ lair ing taun 1729. Bisa dikira-kira yen panjenengane nyerat naskah ing umur 25-an, yaiku ing taun 1754, nanging PBA kang digawe pathokan yaiku ing laire Sultan Hamengku Buwana VI yaiku ing taun 1821. Pambada taun kasebut yaiku taun 1754 klawan taun 1821. Pambedane ana 67 taun.

## PANUTUP

### Dudutan

Aspek wewujudaning naskah bisa kawedhar ngenani irah-irahane naskah, asal- usule naskah, kahanane naskah, struktur naskah, basaning naskah, kahanane naskah, tulisane naskah, ukurane naskah, lan isine naskah. Irah-irahane naskah kang wis diandharake yaiku naskah Primbon Jaelani kang dicekake dadi NPJ. Naskah kasebut asale saka Maulana Khusaini kang pidaleme ana ing desa Karangpuri, kec. Wonoayu, Kab. Sidoarjo. NPJ mujudake naskah kang arupa tembang ing perangan ngarep, lan mujudake gancaran ing perangan mburi. Basa kang

digunakake kanggo ngandharake isine naskah yaiku basa Jawa anyar, kang kacampeun tembung-tembung .saka basa Arab serta basa kawi.

Saliyane iku, kahanane naskah uga wigati lan kudu diandharake. Kahane *NPJ* isih cetha lan apik. *NPJ* arupa naskah asli tulisan tangan lan kaserat ing daluwang warna kuning rada coklat. Perangan ngarepe wis ora ana, ing tengah ana kang bolong cilik amarga dipangan rayap, nanging bisa diwaca. Saliyane iku, perangan kang tulisane mlaur ora bisa diwaca. Naskah kaperang saka 49 lembar lan 98 kaca. Cacahe kaca ana 98 kaca, cacahé gatra saben kaca ana 13 nganti 16 gatra, dawane kertas 17 cm, ambane kertas 11 cm, lan kandele naskah 1 cm.

Sajroning ngandharake suntingan teks, naskah kudu dikritik lan diwenehi komentar. Kritik teks kang bakal dijentrehake yaiku ngenani tetembungan kang mujudake tembung Kawi, tembung kang ora bener, lan tembung Arab kang durung bener karo tulisan asline. Babagan kang wis diandharake ing bab sadurunge kang ngenani suntingan teks yaiku tembang Dhandhanggula, Sinom, lan Kinanthi. Gunggung tetembungan kang dikritik ana 46, Tembung ing tembang Dhandhanggula ana 37 suntingan, Sinom ana loro kang dikritik, lan nem tembung ing tembang Kinanthi. Tetembungan kang wis dikritik, banjur dikomentari. Kayata tembung “kedung”, kang bener dudu tembung kedung, jalaran tembung kasebut ora trep karo tembung liyane. Tembung kasebut bisa diganti kidung. Unine dadi “Wonten kidung rumeksa ing wengi” tegese yaiku ana tembang kang njaga ing wengi. Kidung mujudake karangan kang arupa tembang.

*Studi Intertekstualitas* uga wis kaleksanan kanthi ngandharake ngenani petungan, pethek, lan japa mantra kang ana ing *NPJ*. *Intertekstualitas NPJ* klawan *PBA* ngenani petungane ana petungan lair lan rabi. Pethek sajroning *NPJ* kayata ngenani barang kang ilang, wateke manungsa, nandur pari, wong lara, lan patine manungsa. Japa mantra uga ana ing kalorone primbon mau. Japa mantra kang arupa tembang bisa kaperang dadi loro yaiku kanggo nambani wong lara lan nambani bocah sawanen. Sajroning *intertekstualitas*, panliten menehi pamawas kanggo nampa (*afirmasi*) lan nolak (*negasi*).

*Intertekstualitas* ngenani seratan *NPJ* klawan *PBA*, *NPJ* luwih dhisik anggane ngripta tinimbang *PBA*, amarga pangripta *NPJ* lair ing taun 1729. Bisa dikira-kira yen panjenengane nyerat naskah ing umur 25-an, yaiku ing taun 1754, nanging *PBA* kang digawe pathokan yaiku ing laire Sultan Hamengku Buwana VI yaikuk ing taun 1821. Pambada taun kasebut yaiku taun 1754 klawan taun 1821. Pambadane ana 67 taun.

### **Pamrayoga**

Sajroning nliiti *NPJ*, panliten ngrumangsani yen sajroning njlentrehake ngenani petungan, pethek, lan japa mantra isih kurang sampurna. Mula, panliten butuh kritik lan saran saka pamaos supaya nuwuhake pamikir kang bener kanggo garapan sabanjure.

Panliten iki uga dikarepake bisaa menehi kawruh tumrap pamaos ngenani isine primbon, suntingan teks, lan *studi intertekstualitas NPJ* klawan *PBA*. Kawruh ngenani petungan, pethek, lan japa mantra bisaa

nuwuhake rasa kesadharan yen kabeh mau mujudake salah sijine tradhisi kang kudu diuri-uri.

### **KAPUSTAKAN**

- Baroroh, Baried. 1994. *Pengantar Teori Filologi*. Yogyakarta: Badan Penelitian dan Publikasi Seksi Filologi, Fakultas Sastra, Universitas Gajah Mada
- Chodjim. 2003. *Mistik dan Makrifat Sunan Kalijaga*. Jakarta: Serambi
- Djamaris, Edwar. 2002. *Metode Penelitian Filologi*. Jakarta: Pusat Bahasa
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widayatama
- Hidayatul, Siti Muzayanah. 2011. *Piwulang Agama Ing Sajrone Naskah Kitab Tauhid*. Surabaya: Unesa
- Machsum, Toha. 2008. *Khazanah Naskah-naskah Jawa Pesisiran*. Surabaya: Pusat Bahasa Balai Bahasa
- Moloeng, Lexy J. 2008. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: Rosda Karya
- Noeradya, Woerjan. 1990. *Kitab Primbon Qomarulsyamsi Adammakna*. Yogyakarta: Buana Raya
- \_\_\_\_\_. 2005. *Kitab Primbon Betaljemur Adammakna*. Yogyakarta: Buana Raya
- Novalina, Vivin Herawati. 2010. *Suntingan Teks lan Piwulang Moral ing Sajrone Naskah Serat Wulang Sunu Versi Pacitan*. Surabaya: Unesa
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Pardi. 1996. *Sastra Jawa Periode Akhir Abad XIX-Tahun 1920*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
- Pradopo, Rachmat. 1995. *Beberapa Teori Sastra, Metode Kritik dan Penerapannya*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- \_\_\_\_\_. 1997. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Purnomo, Bambang. 2007. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: Bintang
- \_\_\_\_\_. 2011. *Kesastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: Bintang
- \_\_\_\_\_. 2013. *Filologi dan Studi Sastra Lama edisi revisi*. Surabaya: Bintang
- Purwadi. 2006. *Horoskop Jawa*. Yogyakarta: Media Abadi
- Ratna, Nyoman Kutha. 2008. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Robon, S. O. 1978. *Pengkajian Sastra-sastra Tradisional Indonesia*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Saputra, Karsono. 1996. *Tradisi Tulis Nusantara*. Jakarta: Masyarakat Pernaskahan Nusantara.
- Sudardi, Bani. 2003. *Penggarapan Naskah*. Surakarta: Badan Penerbit Sastra Indonesia
- Suwarni, Widayati Sri. 2005. *Dasar-dasar Upacara Adat*. Surabaya: Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
- Suwarni. 2007. *Sastra Jawa Pertengahan*. Surabaya: Bintang



- Syaiful, Faris Hayat. 2012. *Nilai Sufistik Sajrone Naskah Sayyidil Makrifat*. Surabaya: Unesa.
- Tanojo. *Primbon Sabda Pandita*. Surabaya: Trimurti Surabaya.
- Teeuw. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- ([Http://id.wikipedia.org/wiki/Hamengkubuwana\\_VI](http://id.wikipedia.org/wiki/Hamengkubuwana_VI), diakses dina Minggu, 13 Juli 2013).

#### **DAFTAR KAMUS**

- Poerwadarminta, W.J.S. 1937. *Baoesastra Djawi*. Djakarta: Djembatan.
- Tim Penyusun Balai Bahasa. 2011. *Bausastra Jawa*. Yogyakarta: Kanisus.
- Tim Penyusun KBBI. 1996. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Winter, Ranggawarsita. 2000. *Kamus Kawi- Jawa*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Yunus, Mahmud. 2007. *Arab- Indonesia*. Jakarta: PT. Mahmud Yunus Wa Dzurriyyah.

